





DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SD/MI Kelas III

KURIKULUM 2013





Pamekar Diajar **BASA SUNDA** Pikeun Murid SD/MI Kelas III

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangkeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-03-9 (Jilid 3)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)



Pangbagéa

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun kalawan merenah.




Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompeténsi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplémentasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Barat,




Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA
Pembina Utama Madya
NIP. 19570807 198601 1 001



Pangbagéa

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.



Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.
Pembina Tk. I
NIP. 196110051986031014





Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidepo getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah*

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku





Daptar Eusi

Pangbagéa:

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa barat _____	iii
Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian	
Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____	v

Panganteur _____	v
-------------------------	----------

Pangajaran 1: Alam Sabudeureun Urang _____ 1



A. Maca Bedas _____	2
B. Ngalisankeun Jawaban _____	4
C. Ngunikeun Kecap dina Kalimah _____	5
D. Nyalin Kecap _____	6
E. Maca dina Jero Haté _____	6
F. Nganggeuskeun Kalimah _____	8
G. Ngahartikeun Kecap _____	9
H. Ngeusian Kalimah _____	10
I. Ngagalantangkeun Kalimah _____	12
J. Ngarang Carita _____	13

Pangajaran 2: Pangalaman anu Matak Nineung _____ 15



A. Maca Bedas _____	16
B. Ngalingkepan Kalimah _____	20
C. Ngapalkeun Harti Kecap _____	21
D. Niténan Robahna Kecap _____	22
E. Ngeusian Kalimah _____	23
F. Nuliskeun Kajadian Alam _____	24
G. Nyaritakeun Pangalaman _____	26

Pangajaran 3: Usum-Usuman _____ 27



- A. Maca Bedas _____ 28
- B. Ngajawab Pananya _____ 30
- C. Ngagalantangkeun Kalimah _____ 30
- D. Mikawanoh Sisindiran _____ 31
- E. Nyalin Sisindiran _____ 32
- F. Ngalengkepan Kalimah _____ 32
- G. Nyusun Kalimah Jadi Karangan _____ 33
- H. Nganggeuskeun Karangan _____ 36

Pangajaran 4: Gotong Royong _____ 39



- A. Ngaregepkeun Paguneman _____ 40
- B. Ngajawab Pananya _____ 42
- C. Ngadiskusikeun Kadaharan Has Daérah _____ 43
- D. Ngalisankeun Kecap _____ 44
- E. Ngagalantangkeun Kalimah _____ 45
- F. Ngeusian Kalimah _____ 46
- G. Maca Bedas _____ 47
- H. Molahkeun Paguneman _____ 49

Pangajaran 5: Kaulinan Jeung Olahraga _____ 53



- A. Maca dina Jero Haté _____ 54
- B. Ngalengkepan Kalimah _____ 55
- C. Maca Paguneman _____ 56
- D. Ngapalkeun Harti Kecap _____ 59
- E. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah _____ 60
- F. Nataan Sesebutan dina Awak _____ 61
- G. Nyusun Kecap Jadi Kalimah _____ 62
- H. Ngabandungan Pedaran Ngeunaan Kaulinan _____ 63
- I. Nganggeuskeun Karangan _____ 67



Pangajaran 6: Éndahna Sosobatan _____ 69



- A. Maca Bedas _____ 70
- B. Maca dina Jero Haté _____ 72
- C. Nyusun Pertanyaan _____ 75
- D. Nyaritakeun Eusi Carpon _____ 78
- E. Ngapalkeun Harti Kecap _____ 79
- F. Nyebutkeun Gunana Pakakas _____ 80
- G. Nataan Ngaran Poé _____ 81

Pangajaran 7: Hémat Énergi _____ 83



- A. Maca dina Jero Haté _____ 84
- B. Ngajawab Pananya _____ 86
- C. Ngajelaskeun Cara-Cara Ngahémat _____ 88
- D. Ngapalkeun Kecap Sabalikna _____ 89
- E. Ngalarapkeun ku Kecap Sabalikna _____ 90
- F. Nembangkeun Pupuh _____ 90
- G. Molahkeun Paguneman _____ 91

Pangajaran 8: Hormat ka Kolot jeung Ngajén Sasama _____ 95



- A. Maca Bedas _____ 96
- B. Ngajawab Pananya _____ 98
- C. Maca dina Jero Haté _____ 98
- D. Nyusun Kalimah _____ 102
- E. Ngabandingan Pedaran jeung
Conto Dongéng _____ 103
- F. Ngalengkepan Kalimah _____ 106
- G. Migawé Pancén _____ 108



Pangajaran 9: Miara Lingkungan _____ 109



- A. Maca Éndah _____ 110
- B. Ngajawab Pananya _____ 112
- C. Ngabandungan Pedaran Miara
Lingkungan _____ 113
- D. Ngalengkepan Kalimah _____ 117
- E. Mahamkeun Sajak _____ 119
- F. Nulis Sajak _____ 120
- G. Ngapalkeun Harti Kecap _____ 123

Daptar Pustaka _____ 124



ALAM SABUDEUREUN URANG



Hidep sok niténan kaayaan alam? Tong waka jauh-jauh, anu aya di sabudeureun hidep wé. Saenyana loba nu nyababkeun urang kataji. Geura mun urang nempo taman, apan sakitu éndahna. Tangtu waé éta téh ku sabab diacara. Tah ayeuna urang diajar ngeunaan alam sabudeur. Ieu téh penting pisan, sangkan urang wanoh kana kaayaan anu nyampak, tur teu jauh tina kahirupan urang sapopoé. Mun urang mikawanoh alam, engkéna bakal wanoh ka anu ngadamelna, nyaéta Gusti Alloh.



Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Pék baca, sing bener lentongna, jeung ulah rusuh. Ku saurang baé macana mah, anu séjén kudu ngabandungan.

Taman Hareupeun Imah



Sumber: daftarinfoterbaru.com



Hareupeun imah Farida aya taman. Teu lega, tapi mani resik, sabab hadé piara. Saban poé tara elat diberesihan. Éta taman sakurilingna dipager. Malah anu adek ka sisi jalan mah ngahaja dipelakan tangkal puring, dijarkeun sapanjang pager. Tara diantep tepi ka jangkung, da matak ngahalangan pamandangan.

Anu di piara di éta taman téh lolobana kekembangan. Dipelakna diatur henteu asal ceb. Di juru, aya sedep malem, kembangna barodas. Lantaran ngaranna ogé sedep malem, seungitna téh ari ti peuting wungkul. Kembang eros aya sababaraha rupa. Aya nu kelirna beureum, bodas, kayas, jeung biru. Lamun keur usum kembangan téh matak nambahan hégar. Salian ti eros, kembang malati gé aya deuih. Kembangna laleutik, barodas, tur seungit.

Anu dipelakna dina pot mah kembang angkrék. Dijjarkeun dina téras, sawaréh deui digantungkeun. Aya dua rupa, nyaéta angkrék bulan jeung angkrék japati.

Farida jeung ibuna rajin ngurus éta taman. Lamun keur usum halodo, tara elat dicéboran, isuk-isuk jeung pasosoré. Farida mah biasana giliran nyéborna téh pasosoré. Cai keur nyéborna diwadahan kana émbrat, sangkan taneuh anu dicébor baseuhna rata.

Sajaba ti dicébor, tatangkalan anu aya di dinya sok digemuk, ngarah morontod. Jukutna dipiceunan ku koréd. Sawaktu-waktu sok disemprot, sangkan hama anu ngagangguna paraéh. Hama anu sok ngaruksak téh hileud. Teu kaop diantep, tatangkalan téh gancang pisan rigil.

Tatangkalan di taman sok dipangkas, sabab lamun diantep sajadina mah jadi ngurangan kaéndahan. Aya pakakas husus parantina, disebutna gunting pangkas.

Sajaba ti nyébor tatangkalan, Farida kabagian sasapu di buruan. Di luareun pager téh aya tangkal flamboyan jeung



mahoni pikeun iuh-iuh jalan. Lamun keur muguran bari gedé angin, sok ngabalaan buruan. Kalakay anu marurag ku Farida gancang disapukeun, terus diasupkeun kana lombang, sina buruk. Engkéna bisa dijieun kompos, alus pisan keur ngagemuk pepelakan.

Miara tatangkalan téh kaasup ibadah sarta réa gunana pikeun kalurupan balaréa.



B. Ngalisankeun Jawaban

Tah ayeuna pék ku hidep jawab atawa terangkeun.

1. Kumaha kaayaan taman dina bacaan téh?
2. Naon sababna kalakay anu marurag disapukeun?
3. Ari kompos téh sok digunakeun pikeun naon?
4. Ari tangkal puring di mana dipelakna?
5. Aya tangkal kembang naon waé di taman téh?



6. Tangkal kembang naon anu dipelakna dina pot?
7. Iraha waktuna Farida kagiliran nyébor taman?
8. Naon sababna dicéborna sok maké émbrat?
9. Naon sababna hama maké kudu disemprot?
10. Pék terangkeun, naon ari gunting pangkas téh.
11. Ari di luareun pager aya tangkal naon waé?
12. Terangkeun naon gunana éta tangkal téh.
13. Kumaha mun keur usum muguran jeung gedé angin?
14. Kaasup kana naon miara tatangkalan téh?
15. Kumaha ari gunana keur balaréa?.



Ngunikeun Kecap Dina Kalimah

Di hareupeun imah Farida aya taman.

Dina éta kalimah, hidep manggihan aya kecap anu ditulisna maké aksara F. Éta aksara téh karék ayeuna diajarkeun ka hidep. F téh aksara gedé, ari aksara leutikna mah f.

Geura pék titénan, kumaha dina aksara tulisna.

F → F f → f

Sangkan leuwih lancar ngucapkeunana, pék ayeuna galantangkeun kalimah di handap.

1. Fatimah jeung Arif rék migawé tugas pangajaran basa Sunda.
2. Pun bibi téh namina Lastri Fardani, kuliahna di fakultas hukum.
3. Farhan jeung Wéndi di sakolana aktif dina kagiatan olahraga.
4. Ibu Hakim Fitria ngasongkeun fakta anu teu bisa dibantah.



5. Ahmad jeung Fuad dititah nyalin Surat Al-Kafirun opat jajar.
6. Farida dititah nuduhkeun Laut Pasifik anu aya dina peta dunya.
7. Bapa Yusuf nerangkeun kalimah pasif nu aya dina bacaan.
8. Tifa Susanti dititah meuli salep kulit ka apoték Kimia Farma.
9. Kang Ramdani teu terus aktif dina acara silaturahmi Idul Fitri.
10. Ibu Farhati numpak karéta api kelas éksékutif jurusan Surabaya.



D. Nyalin Kecap

Yu urang nyalin kecap!

Pék ku hidep salin kana aksara tulis!

1. Siti Fatimah _____
2. Kimia Farma _____
3. Samudra Pasifik _____
4. Surat Al-Kafirun _____
5. Suhéndra Yusuf _____
6. Fitria Nurhasanah _____
7. Ahmad Hanif _____
8. Sofi Tresnawati _____
9. Badan Législatif _____
10. Biro Informasi _____



E. Maca dina Jero Haté

Yu urang maca!

Dina bacaan anu tadi dicaritakeun kumaha kaayaan taman di hareupeun imah Farida. Taman téh bagian tina kaayaan alam sabudeur. Ayeuna urang maca ngeunaan sumber cai. Sarua ieu



gé bagian tina alam sabudeur. Geura pék ku hidep baca dina jero haté.

Sirah Cai



Sumber: green.kompasiana.com

“Barudak, tong arulin di hulu cai.”

Éta omongan remen kadéngé. Kolot anu sok nyarita kitu téh. Atuh barudak gé sok ngagugu. Tara aya nu mungpang kana panyaram kolotna. Jeung barina ogé naon resepna ulin di hulu cai, da tempatna nyingkur.

Anu disebut hulu cai téh ayana di tonggoheun perumahan. Ukur kahalangan ku masjid jeung lapang tempat barudak arulin. Pangna disebut hulu cai téh lantaran di dinya aya sumber cai, ngaburial tina jero taneuh. Caina hérang ngagenyas.

Barétona mah, cai ti dinya téh langsung ngocor ka sawah di lebaheunana. Tapi ti sanggeusna aya perumahan, di sabudeureun hulu cai téh dijieun babalongan. Teu lega, ngan sisi-sisina ditémbok. Cai nu ngaburial téh ditampung dina babalongan,



terus dikocorkeun ka perumahan, maké pipah paralon. Saban imah kabagian cai beresih.

Pangeusi perumahan teu kudu nyieun sumur. Kabéh ogé ngamangpaatkeun cai anu kaluar ti dinya. Dipaké mandi, nyeuseuhan, gégéroh, ngumbah motor, jeung lianna ti éta. Najan keur usum halodo gé tara tepi ka saat, ngan pédah cai anu kaluarna ngurangan. Jadi kapaksa mun keur usum halodo mah ngocorna cai ka saban imah téh kudu giliran.

Tatangkalan di sabudeureun hulu cai teu meunang diganggu, komo tepi ka dituaran mah. Lamun tatangkalan nu aya di dinya diganggu, tangtu cai anu kaluar tina sumberna téh bakal ngurangan. Éta pangna teu meunang dipaké pangulinan barudak ogé, bisi tatangkalanana kaganggu.

Ku sabab loba tatangkalan, manuk gé baretaheun. Aya tikukur, cangkurileung, kérak, malah sakapeung mah sok kadéngé sora jalak. Di dinya nyarayangna téh. Ari isuk-isuk téh ramé disarada. Sarua sasatoanana ogé teu meunang diganggu.



Nganggeuskeun Kalimah

Yu urang latihan!

Satutas hidep maca ngeunaan hulu cai, pék ku hidep anggeus kalimah nu aya di handap. Keur eusina, hidep kudu nyokot tina bacaan anu bieu dibaca dina jero haté.

1. Kana panyaram entong ulin di hulu cai, barudak sok _____.
2. Barudak teu resepeun ulin di hulu cai, sabab tempatna _____.
3. Ti perumahan ka hulu cai ukur kahalangan ku _____.
4. Sanggeus aya perumahan, éta hulu cai téh terus _____.



5. Pangeusi perumahan teu kudu nyieun sumur, sabab _____.
6. Lamun keur usum halodo, cai keur ka saban imah téh _____.
7. Tatangkalan di hulu cai teu meunang diganggu, sabab _____.
8. Ku lobana tatangkalan di hulu cai, manuk gé jadi _____.
9. Manuk nu aya di dinya téh, nyaéta _____.
10. Ari isuk-isuk éta manuk téh ramé _____.



G. Ngahartikeun Kecap

Kumaha hidep ngarti kana eusi bacaan “Taman di Hareupeun Imah” jeung “Hulu Cai” téh? Geura ayeuna urang terangkeun sawatara kecap anu aya dina éta bacaan.

1. Teu lega, tapi mani resik, sabab hadé piara.
resik = tempat anu beresih tur endah
2. Kalakay anu marurag sok gancang disapukeun.
kalakay = daun nu geus garing
3. Engkéna bisa dijieun kompos, alus pisan keur ngagemuk pepelakan.
kompos = gemuk (basa Indonésiana pupuk) anu dijieun tina runtah dangdaunan
4. Lamun keur usum kembangan téh matak nambahan hégar.
hégar = tempat anu pikabetaheun
5. Tatangkalan anu aya di dinya sok digemuk, ngarah morontod.
morontod = gancang gedé



6. Teu kaop diantep, tatangkalan téh gancang pisan rigil.
rigil = béak daunna
7. Éta omongan remen kadéngé.
remen = mindeng
8. Atuh barudak gé sok ngagugu.
ngagugu = nurut
9. Tara aya nu mungpang kana panyaram kolotna.
mungpang = baha atawa ngalawan
10. Jeung barina ogé naon resepna ulin di hulu cai, da tempatna nyingkur.
nyingkur = tempat anu jauh jeung tiiseun
11. Anu disebut hulu cai téh ayana tonggoheun perumahan.
tonggoheun = tempat nu leuwih luhur
12. Dipaké mandi, nyeuseuhan, gégéroh, ngumbah motor, jeung lian ti éta.
gégéroh = ngumbah wadah



H. Ngeusian Kalimah

Pék ku hidep pilih jawaban anu merenah, terus eusikeun kana kalimahna.

1. Sanggeus dikosokan mah kamar mandi teh jadi _____.
(a. resik b. beresih c. lening)
2. Matak betah mun ulin ka tempat wisata anu _____ téh.
(a. resik b. beresih c. lening)
3. Buruan téh mani _____ taya runtah salambar-lambar acan.
(a. resik b. beresih c. lening)
4. Mani seungit timbel sangu beureum nu dibungkus ku _____ cau.
(a. pucuk b. kalakay c. daun)



5. Asép Ruhimat nyoélkeun seupan _____ waluh kana sambel tarasi.
(a. pucuk b. kalakay c. daun)
6. Mun sapukeun _____ anu ngabarak di buruan téh, Kang Hadi.
(a. pucuk b. kalakay c. daun)
7. Tangkal paré téh mani _____, sabab remen digemuk.
(a. morontod b. meral c. beukah)
8. Sanggeus digoréng mah kurupuk udang téh jadi _____ sagedé pisin.
(a. morontod b. meral c. beukah)
9. Mending ku karét nalian kardus kana bahasi téh ngarah bisa _____.
(a. morontod b. meral c. beukah)
10. Horéam ulinna ogé ka tempat anu _____ mah, jaba sieun deuih.
(a. nenggang b. nyingkur c. jauh)
11. Nya _____ nyaba ka Surabaya mah, di jalanna ogé welasan jam.
(a. nenggang b. nyingkur c. jauh)
12. Di tengah pasawahan aya saung _____ tempat patani reureuh.
(a. nenggang b. nyingkur c. jauh)
13. Kadé poho, _____ téh kudu sapoe dua kali, ngarah badan séhat.
(a. gégéroh c. kumbah c. mandi)
14. Mani lila _____ téh, da wadah anu kotorna loba, urut nyuguhan sémah.
(a. gégéroh c. kumbah c. mandi)
15. Padahal mah _____ sapatu téh, apan poé Senén rék dipaké deui sakola.
(a. gégéroh c. kumbah c. mandi)





1. Ngagalantangkeun Kalimah

1. diganggu - kaganggu
 - a) Tatangkalan di hulu cai teu meunang **diganggu**.
 - b) Nelepon dina mobil **kaganggu** ku sora mesin.
2. diangkat – kaangkat
 - a) Kursi **diangkat** ku sorangan bangun hampangeun.
 - b) Tabung gas téh moal **kaangkat** ku budak.
3. dibaca – kabaca
 - a) Boga buku téh kudu **dibaca** atuh, ngarah mangpaat.
 - b) Tulisan téh teu **kabaca** da laleutik teuing.
4. dipaké – kapaké
 - a) Cai beresih **dipaké** mandi, nyeuseuhan, jeung gégéroh.
 - b) Baju nu geus teu **kapaké** téh bikeun waé ka nu butuheun.
5. dibeuli – kabeuli
 - a) Barang hasil karajinan penduduk **dibeuli** ku wisatawan.
 - b) Ah, nya moal **kabeuli** atuh mobil sakitu mahalna mah.
6. didupak – kadupak
 - a) Kiper anu rék néwak bal **didupak** tepi ka labuh.
 - b) Pager téh rubuh **kadupak** roda anu ngakut semén.
7. dicokot – kacokot
 - a) Buah anu ragrag tina tangkalna téh **dicokot** ku Dadan.
 - b) Jigana mah **kacokot** ku manéhna pulpén téh.
8. diduruk – kaduruk
 - a) Runtah meunang nyapukeun terus **diduruk** dina lombang.
 - b) Pindahkeun heula gagang pacul téh bisi **kaduruk**.



9. ditajong – katajong
 - a) Bal **ditajong** sahabekna ka gawang lawan.
 - b) Tong nunda gelas di dinya, bisi **katajong** geura.
10. disusul – kasusul
 - a) Mun teu gancang **disusul** mah manéhna moal balik.
 - b) Leumpangna gancang pisan, teu **kasusul** ku baturna.



Ngarang Carita

Yu urang ngarang carita!

Ieu karangan anu aya di handap téh tacan anggeus. Pék ku hidep anggeuskeun dina diskusi kelompok.

Kelompok 1

Sakola tempat abdi diajar téh di Jalan Ahmad Yani. Buruan sakola mani lega, tempat abdi jeung babaturan arulin. Éta buruan téh sok dipaké upacara bandéra deuih, atawa olahraga. Sakurilingna dipager. Rohangan kelasna ngajajar aya genep. Kelas abdi ayana di tengah. Di kenca aya rohangan kelas dua, ari di katuhuna aya rohangan kelas opat. Aya aula jeung musola

Kelompok 2

Siswa kelas tilu piknik ka kebon binatang. Tempatna mani pikabetaheun. Hawana seger sabab loba tatangkalan. Di kebon binatang téh loba sasatoan. Sato garalak ogé aya, di antarana maung jeung singa. Kabéh ogé dikandangan, henteu sina ngencar.

Aya gajah jeung banténg _____



Kelompok 3

Di pasar ramé ku anu dagang jeung nu balanja. Anu dagang barang mani rupa-rupa. Henteu pacampur tempatna téh. Anu dagang sayur henteu ngahiji jeung nu dagang papakéan. _____





PANGALAMAN ANU MATAK NINEUNG



Saréréa tangtu boga pangalaman anu kungsi karandapan. Éta pangalaman téh hésé pohona, sabab matak nineung. Éta mah naha pangalaman anu matak bungah, lucu, sedih, atawa naon baé.

Ayeuna urang baca pangalaman Ratna jeung pangalaman Gilang. Duanana gé sarua jeung hidep, murid kelas tilu sakola dasar. Engké hidep bakal dibéré pancén pikeun nyaritakeun pangalaman anu kungsi karandapan, tur éta pangalaman téh matak nineung.



Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Pék ku hidep baca, anu séjén kudu ngabandungan.

Piknik ka Kawahputih

(Pangalaman Ratna)



Sumber: www.sophiedaste.com

Harita nuju peré sakola. Nembé gé tilu dinten, abdi tos ngaraos kesel. Tuda sadidinten téh tara ka mamana. Paling-paling sasapédahan, bari tara tebih deuih.

Ari dina dinten kalimana aya Bi Yanti. Anjeunna nyarios badé piknik ka Kawahputih, sareng réréncangan sakanorna. Abdi diajakan. Leuh, mani atoh.



“Énjing Ratna ku Bibi disampeur ka dieu, tabuh genep. Kadé, Ratna ulah léléda, bisi ditinggalkeun ku rombongan,” saur Bibi.

“Moal atuh, Bi,” sanggem abdi.

Énjingna, méméh adan subuh abdi tos bérés ti jamban.

“Leuh ieu nu badé piknik, mani goréjag,” saur Apa bari gumujeng. Éta panginten pédah biasana mah abdi sering kasiangan hudang.

“Apan bilih kakantun, mangkaning rombongan téh badé miosna énjing kénéh, saur Bi Yanti gé,” sanggem abdi.

Tabuh tujuh, mobil nu ngakut rombongan tos kaluar ti pakarangan kantor. Sadayana téh aya lima mobil. Di jalan teu acan seueur kendaraan. Janten dugi ka Soréang téh teu macét. Padahal upami nuju macét mah sok matak kesel.

Ari ka Soréang mah abdi téh terang. Basa éta abdi diajakan ku Ibu ka bumina Uwa Haji Fatonah. Bumina téh caket Pasar Soréang.

“Tebih kénéh ti dieu, Bi?” abdi naros ka Bi Yanti, waktos mobil tos dugi ka Ciwidéy.

Terang éta tempat namina Ciwidéy téh apan abdi ningal plang di payuneun kantor kacamatan. Ti Soréang ka Ciwidéy téh rada tebih.

“Nya tebih atuh. Jabi jalanna teras-terasan nanjak,” waler Bibi.

Leres waé jalan téh seueur nanjakna. Di tempat anu kalangkungan seueur kebon stoberi. Kebon palawija gé seueur deuih. Hawa tos ngawitan karaos tiris, padahal tos aya panonpoé

Ti jalan raya, mobil téh méngkol ka kénca. Langkung nanjak saterasna mah, jaba jalanna heureut. Di sisieun jalan seueur tangkal kai arageung. Duka kai naon waé namina, da anu abdi apal mah mung ukur pineus.



Ti tempat parkir mobil ka Kawahputih téh kedah mapah heula, mapay tétécéan. Jol waé ka sisi kawah.

Paingan disebut Kawahputih, da geuning di dinya mah kawah téh warnana bodas, dugi ka matak sérab. Taneuh sareng batuna barodas. Anu disebut kawah téh pinuh ku cai, sapertos balong lega, tapi luhurna ngebul seueur haseup. Warna caina téh bodas semu héjo.

Saur Bi Yanti, Kawahputih téh ayana di Gunung Patuha. Di sabudeureun éta gunung téh seueur kebon entéh. Upami teras ka kidul engké téh aya situ, namina Situ Paténggang. Hanjakal piknik téh teu dugi ka Situ Paténggang, padahal abdi hoyong terang kumaha kaayaan di éta situ. Saur wartos mah éta situ téh éndah pisan.

Kawahputih matak narik ati. Hiji waktos mah abdi hoyong ameng deui ka dinya. Malih upami aya waktos mah ka Situ Paténggang ogé téh hoyong amengan.

Diibakan Gajah

(Pangalaman Gilang)



Abdi sareng réréncangan sakelas piknik ka kebon binatang. Miosna kana angkot, ngahaja kénging nyéwa. Aya opat angkotna téh, dinomeran sangkan teu lepat naék. Abdi kabagian angkot nomer dua.

“Gilang samobil sareng abdi, nya,” sanggem Haris ka abdi.

Tabuh satengah dalapan, rombongan mios. Nyalsé waé angkot téh majuna, henteu suat-siet siga nu babalapan.

Saméméh lebet ka kebon binatang, Bapa Guru ngabagikeun karcis ka sadaya murid. Abdi sadaya ku Pa Guru diomat-omatan sangkan ulah papencar. Abdi mah piknik ka kebon binatang téh rada sering, aya kana opat kalina. Tos apal kana lebah-lebahna kandang sasatoan.

“Itu maung keur diparaban,” sanggem Ridwan.

Bring ka kandang maung. Euleuh éta daging nu diparabkeunana mani seueur.

“Padahal mah mun disop, nya,” sanggem Déwi.

“Daging anu disop mah atuh bagian anu ngurusna,” sanggem padamel kebon binatang anu nuju sasapu.

Ti kandang maung, teras ngabring deui ka kalér. Maya ujug-ujug lumpat bari ngajerit.

“Aya naon, Maya?” sanggem KM.

“Itu aya oray. Sieun, ah,” sanggem Maya.

“Moal nanaon, da dina kandang,” sanggem nu sanés.

“Ah, da Maya mah gila ningalna,” sanggem Maya deui.

“Maya mah badé ningal gajah wé.”

Bring deui ka kandang gajah, nuturkeun Maya.

“Maya tong caket teuing ningalna,” sanggem Fatimah.

“Wios ah, da Maya mah resep,” sanggem Maya.

Gajah téh nyerot cai ku tulaléna tina balong di lebet kandang. Naha ari pék teras disebrotkeun.

“Ih, gajah téh ...!” Maya ngajeréwét. Topina kabaseuhan.



“Horé ..., Maya diibakan ku gajah,” sanggem abdi bari seuri. Réréncangan ogé sami sareuri. Tapi Maya mah kalah baeud.

Duka kumaha ngawitanana, gajah téh nyebrotkeun deui cai tina tulaléna. Ayeuna mah keunana ka abdi pisan.

“Horé, ayeuna giliran Gilang diibakan ku gajah ...,” sanggem Maya bari ngajebéngan ka abdi.

“Tadi meureun teu ibak heula,” sanggem nu sanés bari seuseurian.

Abdi gé ngiring seuri, “Ah, dasar gajah, *ada-ada sajah*”



B. Ngalengkepan Kalimah

Yu urang ngalengkepan kalimah!

Sanggeus bieu hidep maca atawa ngabandungan pangalaman Ratna jeung Galih, pék ku hidep lengkepan kalimah di handap.

Pangalaman Ratna

1. Waktu diajakanan piknik téh kabeneran geus tilu poé Ratna _____.
2. Bi Yanti ngajakan piknikna téh babarengan jeung batur ____.
3. Diajakan piknik ku bibina téh Ratna mani ngarasa ____.
4. Dina poéan rék indit piknik, Ratna hudangna gé mani ____.
5. Jalan ka Kawahputih ti mimiti Ciwidéy téh terus-terusan _____.
6. Di sisi jalan anu kaliwatan Ratna nempo kebon _____.
7. Ratna meunang katerangan yén Kawahputih téh ayana di ____.
8. Pangna disebut Kawahputih téh lantaran _____.



9. Di kiduleun Kawahputih aya tempat wisata séjénna, nyaéta _____.
10. Pangalaman piknik ka Kawahputih téh pikeun Ratna matak _____.

Pangalaman Gilang

1. Ari pangalaman Gilang mah piknikna téh ka _____.
2. Angkot anu ditumpakan ku Gilang sabatur-batur henteu _____.
3. Gilang mah piknik ka kebon binatang téh geus rada _____.
4. Bapa Guru ngomat-ngomatan sangkan barudak ulah _____.
5. Anu dituduhkeun ku Ridwan nyaéta _____.
6. Maya ujug-ujug ngajerit bari lumpat sabab _____.
7. Anu nyarékan Maya tong deukeut teuing nempo gajah nyaéta _____.
8. Anu nyebutkeun Maya diibakan gajah nyaéta _____.
9. Tapi ahirna mah Gilang ogé ngalaman _____.
10. Harita Gilang ngan ukur ngomong _____.



Ngapalkeun Harti Kecap

Yu urang ngapalkeun!

1. Kadé, Ratna ulah **léléda**, bisi ditinggalkeun ku rombongan.
léléda = talangké, henteu gagancangan dina digawé lantaran kedul
Geura pék baca kalimah séjénna.
a) Ari dititah ku kolot téh ulah sok **léléda**, tapi kudu kesit.
b) Bongan maké **léléda**, jadi wé teu diajakan ka ondangan.
2. Énjing, méméh adan subuh abdi tos bérés ti **jamban**.
jamban = kamar mandi
Pék ku hidep sebutkeun, ari di jamban sok aya naon waé.



3. Leuh ieu nu badé piknik, mani **goréjag**.
goréjag = hudang subuh-subuh
Pék ku hidep bandingkeun.
a) Manéh mah saré téh mani **kebluk**, sakitu geus dihudang-
keun gé angger wé kérék.
kebluk = hésé hudang
b) Geus baku, saban tengah peuting adi kuring sok **lilir**,
tapi tara terus ceurik.
lilir = hudang sakeudeung terus saré deui
4. Di **sabudeureun** éta gunung téh seueur kebon entéh.
sabudeureun = sakurilingeun
Pék ku hidep baca kalimah séjénna.
a) Ulinna téh tara jauh, ukur di **sabudeureun** imah.
b) Sawah di **sabudeureun** lembur loba nu kasaatan.
5. Abdi sadaya ku Pa Guru diomat-omatan sangkan ulah
papencar.
papencar = papisah
Pék ku hidep baca kalimah séjénna.
a) Entong **papencar** ulin téh, ngarah teu hésé néangan.
b) Diukna ulah **papencar**, di dieu waé ngariung.



D. Niténan Robahna Kecap

Yu urang titénan!

Titénan robahna kecap anu aya dina kalimah di handap.

1. ajak → diajakan
Ratna diajakan piknik ka Kawahputih ku Bibi Yanti.
2. témbal → ditémbalan
Lamun aya anu nanyan kudu gancang ditémbalan.
3. jauh → dijauhan
Kalakuan goréng ku urang kudu gancang dijauhan.
4. parab → diparaban
Maung dina jero karangkéng diparaban daging.



5. gero → digeroan
Sakitu digeroan, naha mani teu ngalieuk, nya?
6. sangu → disanguan
Lodéh dina mangkok téh terus disanguan, am didahar.
7. lada → diladaan
Asa teu pati ngeunah mun rujak teu diladaan mah atuh.
8. minyak → diminyakan
Tacan diminyakan geuning katél keur ngagoréng kurupuk téh.
9. daging → didagingan
Nyeun sop téh teu didagingan, da teu boga duit keur meulina.
10. kalapa → dikalapaan
Seupan taleus mah ngeunahna kudu dikalapaan geura, Nyi.



E. Ngeusian Kalimah

Conto : béja → dibéjaan

Sakitu geus _____ ogé angger waé teu percayaeun.

Sakitu geus **dibéjaan** ogé angger waé teu percayaeun.

Pigawé kawas conto.

1. deukeut → dideukeutan
Tong _____ hayam keur anakan mah, bisi ngabintih.
2. pénta → dipéntaan
Najan _____ tulung tengah peuting gé tara hésé Mang Tia mah.
3. luhur → diluhuran
Kuduna _____ deui saeutik masangkeun anteuneu téh.
4. leutik → dileutikan
Seuneu dina kompor gancang _____ sabab liwetna téréh asak.



5. tulis → ditulisan
Ari buku bacaan peupeujeuh ulah sok _____, saur Pa Guru gé.
6. cai → dicaian
Balong anu saat téh kudu gancang _____, bisi laukna paraéh.
7. kécap → dikécapan
Saban meuli bubur ogé, manéhna mah tara _____, da teu beukieun.
8. gula → digulaan
Paingan teu amis, horéng kolek cau téh tacan _____ geuning.
9. kembang → dikembangan
Kuéh pangantén biasana sok _____, sangkan alus katempona.
10. uyah → diuyahan
Kadé sayur asem téh bisi tacan _____ jiga kamari geuning, Bi.



Nuliskeun Kajadian Alam

Yu urang nulis!

Anu disebut kawah téh pinuh ku cai, sapertos balong lega, tapi luhurna ngebul seueur haseup.

Kawah téh ayana di luhur gunung. Biasana tina kawah téh sok kaluar haseup. Komo lamun dina jero kawahna masih kénéh ngandung seuneu mah. Lamun gunungna bitu, seuneu tina jero kawah téh sok kaluar.

Gunung bitu kaasup kana kajadian alam. Kitu deui walungan anu caah, datangna angin, atawa turunna hujan.

Pék ayeuna ku hidep anggeuskeun kalimah anu



ngagambarkeun kajadian alam. Keur eusina mah pilih waé dina kolom beulah katuhu. Sing rapih nulisna. Mun geus réngsé, terus baca saurang-saurang.

Conto: Gunung bitu, tina kawahna kaluar _____.
Gunung bitu, tina kawahna kaluar **seuneu**.

- | | |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none">1. Hujan mani ngagebrét dibarung ku sora _____.2. Keur hujan poyan aya _____ melengkung di langit.3. Kadéngé _____ mani ngaguruh, terus muncrat di basisir.4. Tabuh tujuh isuk-isuk cahaya _____ mimiti karasa haneut.5. Dina biruna langit katémbong _____ bodas ngajumpluk.6. Waktu panonpoé surup, di langit aya _____ mani hibar.7. Lamun keur usum halodo, di langit loba _____ baranang.8. Bada isa, barudak ulin di buruan dicaangan ku sinar _____.9. Cai ti balong téh ngocorna ka _____ anu aya di handap.10. Hawa di puncak _____ karasa tiris, sabab tempatna luhur.11. Sanajan ukur _____, tapi angger wé matak baseuh kana baju. | <ol style="list-style-type: none">a. katumbirib. panonpoéc. layungd. gelape. béntangf. bulang. ombakh. gunungi. mégaj. walungank. pudunan |
|--|---|



12. Hujan lila pisan tepi ka buruan imah kakeukeum ku _____.
13. Tina solobong pabrik, _____ ngelun ka awang-awang.
14. Sanggeus béak tanjakan, saterusna mah panggih jeung _____.
15. Ayeuna mah _____ anu sakitu legana téh dipaké perumahan.

l. sawah

m. cileuncang

n. girimis

o. haseup



Nyaritakeun Pangalaman

(Dilarapkeun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang nyaritakeun pangalaman!

Pangalaman Ratna piknik ka Kawah Putih, jeung pangalaman Gilang ka kebon binatang, dituliskeun ku dirina sorangan. Anu matak dina éta karangan téh Ratna jeung Gilang ngabasakeun dirina abdi.

Pangalaman anu karandapan téh bisa ditulis jadi karangan, bisa deuih dicaritakeun. Tangtu waé teu hésé, komo nuliskeun pangalaman anu matak nineung mah.

Hidep ogé tangtu kungsi boga pangalaman anu ninggalkeun kesan. Éta pangalaman téh bisa waé kajadianana di sakola, upamana waé waktu meunang hadiah tina kajuaraan. Bisa deuih éta pangalaman téh kajadianana waktu hidep keur ulin atawa keur nyaba ka hiji tempat.

Pék ayeuna ku hidep caritakeun pangalaman diri sorangan anu kungsi karandapan. Éta mah naha pangalaman nu matak bungah atawa matak jadi sedih, atawa bisa waé anu pikalucueun. Carana mah gampang, hidep ngan kari nyonto kana pangalaman anu karandapan ku Ratna atawa ku Gilang sakumaha dina bacaan anu kungsi dibaca atawa dibandingan ku hidep.





USUM-USUMAN



Di urang mah ukur aya usum halodo jeung usum hujan. Éta téh disebutna usum-usuman, dina saban taun bagilir. Usum hujan sok disebut usum ngijih, ari usum halodo sok disebut usm katiga.

Usum hujan biasana dina bulan-bulan ahir taun. Ti dinya disambung ku usum halodo. Ku hidep tangtu kaalaman jeung kurasa, kumaha ari keur usum hujan, jeung kumaha ari keur usum halodo.

Ayeuna urang diajar ngeunaan usum-usuman. Engké dina ahir pangajaran, hidep bakal diajar ngarang. Resep geura. Hayu urang mimitian.



Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Pék ku hidep baca sing bedas. Ulah rurusuhan, sing alus lentongna.

Usum Halodo jeung Usum Hujan



Sumber: afiqrasyid.blogspot.com

Hawa karasa tiris, komo mun geus peuting mah. Rék asup ka usum halodo pangna kitu gé. Geus aya kana samingguna teu turun hujan.



Di urang mah apan ukur aya dua usum, nyaéta usum halodo jeung usum hujan. Dina sataun téh, sakapeung usum halodona leuwih panjang. Dina taun séjénna, usum hujan anu leuwih panjang.

Dina keur usum halodo, susukan jeung walungan sok orot caina, malah sakapeung mah sok saat. Sarua sumur gé, ari keur usum halodo mah caina sok ngurangan. Sok rajeun kadéngé aya wewengkon anu kakurangan cai ari keur usum halodo téh, komo mun leuwih ti genep bulan mah.

Dina keur usum halodo, urang kudu leuwih ati-ati, sabab sok aya kahuruan. Seuneu ngaduruk imah jeung wawangunan séjénna. Malah sakapeung mah imah anu kaduruk téh sok loba. Éta téh biasana di tempat anu imahna gegek jeung padédémpét.

Urang kudu hémat kana cai. Mana komo mun caina meunang meuli mah. Lamun rék nyébor buruan, teu kudu ku cai beresih. Ku cai urut nyeuseuhan gé teu nanaon. Nu penting asal di buruan tong réa kebul.

Lamun keur usum halodo, datangna hujan téh diarep-arep pisan. Komo lamun sumur geus saraat mah.

Dina geus datang usum hujan, sarua waé urang kudu leuwih ati-ati. Lamun hujan ngecrek teu eureun-eureun, biasana di sawatara tempat mah sok aya caah. Susukan jeung walungan caina limpas. Jalan, gang, buruan, imah, jeung wawangunan lianna kakeueum.

Datangna caah téh mimindengna mah salah urang kénéh. Got mengpet, tepi ka caina mudal. Kitu deui susukan jeung walungan caina kacandet, tepi ka majuna teu lancar. Pangna mendet atawa kapengpet téh lantaran urang sok miceun runtah sangeunahna. Anu matak urang dipahing pisan miceun runtah ka susukan atawa ka walungan téh. Pagawéan kitu sarua jeung ngaruksak alam. Gusti Alloh bakal bendu mun urang ngaruksak alam.





B. Ngajawab Pananya

1. Naon sababna hawa bet karasa tiris?
2. Kumaha waé kaayaan dina usum halodo?
3. Naon sababna dina usum halodo kudu ati-ati?
4. Kumaha ari kayaan di buruan dina keur usum halodo?
5. Bakal kumaha mun hujan ngecrek teu eureun-eureun?
6. Dina keur usum hujan, anu sok limpas téh naon waé?
7. Kumaha anu karasa ku urang mun keur aya caah?
8. Naon sababna cai di susukan mudal terus jadi caah?
9. Pikeun nyegah caah, kumaha carana urang miceun runtah?
10. Naha miceun runtah ka susukan atawa walungan maké dipahing?



C. Ngagalantangkeun Kalimah

Ieu di handap aya kalimah anu patali jeung usum-usuman.
Pék ku hidep galantangkeun.

1. Hujan mani ngagebrét kawas anu dicicikeun ti langit.
2. Hujan gedé dibarung dor-dar sora gelap matak katorékan.
3. Dina keur hujan poyan mah angger aya cahaya panonpoé.
4. Lamun keur hujan miripis barudak sok nyiwit ceuli saeutik.
5. Dina keur hujan angin sok aya tatangkalan anu rungkad.
6. Kana kenténg kadéngé tingpeletok, horéng aya hujan és.
7. Sanggeus hujan raat mah, langit téh katémbong béngras.
8. Angin ngagelebug tarik pisan, tepi ka kenténg loba nu hiber.
9. Di suku gunung angin ngahiliwir, matak genah kana awak.
10. Ari angin anu niupna muter éta téh disebutna angin puyuh.
11. Kilat tingburinyay, dituturkeun ku sora gelap jeung guludug.
11. Pucuk tangkal kalapa hurung lantaran bieu disamber gelap.
12. Mun kahuruan dina usum halodo, seuneuna sok hésé pareum.



13. Usum halodo entak-entakan, geus tujuh bulan euweuh hujan.
14. Dina keur usum halodo, biasana tatangkalan sok baruahan.
15. Urang kudu leuwih ngirit cai, utamana dina usum halodo.



Mikawanoh Sisindiran

Ayeuna urang diajar sisindiran. Anu dipaké bahanna tina usum-usuman. Pék ku hidep baca. Alusna mah sing tepi ka bisa katar. Geus kitu terus galantangkeun di hareupeun batur sakelas.

*Cai hujan keur kekemu,
diwadahan kana botol.
Urang wajib nyiar élmu,
ka sakola kudu getol.*

*Usum hujan di Parigi,
walungan limpas caina.
Loba élmu moal rugi,
bari teu susah mawana.*

*Kekebul ngotoran kaca,
mangsana usum halodo.
Mun urang teu resep maca,
tangtu jadi jalma bodo.*

*Ngirit cai ulah poho,
halodo lila waktuna,
Jalma nu loba kanyaho,
geus pasti gedé gunana.*





Nyalin Sisindiran

Yu urang nulis!

Pék ku hidep salin kana aksara tulis.

*Loba cai usum hujan,
moal pisan kakurangan.
Nu ngagaya kaéran,
maké sandal sisirangan.*

*Angin ngahiukna tarik,
lebah jambatan Cipaku
Anu labuh terus ceurik,
Sukuna kacugak paku.*



Ngalengkepan Kalimah

Conto: pelenoy → tingpelenoy

Waktu aya hujan angin, dahan tatangkalan _____ paur
peunggas.

Waktu aya hujan angin, dahan tatangkalan tingpelenoy paur
peunggas.

Pigawé kawas conto.

1. burinyay → tingburinyay

Kilat _____ terus disusul ku sora gelap tarik pisan.

2. karetip → tingkaretip

Matak waas nempo béntang _____ jiga anu
ngiceupan.

3. jelegér → tingjelegér

Sora gelap _____ mani asa deukeut, matak
katorékan.



4. kalayang → tingkalayang
Ari keur usum halodo mah méga _____ katebak angin.
5. berebet → tingberebet
Barudak _____ lalumpatan sieuneun kapegat hujan di jalan.
6. burusut → tingburusut
Taneuh di sisi susukan _____ waktu aya hujan ngagebrét.
7. peletak → tingpeletak
Sora hujan és _____ ninggang kenténg, mani gandéng.
8. kocéak → tingkocéak
Saréréa _____ waktu sasak awi runkad kabawa caah.
9. berekbek → tingberekbek
Cai dina kawah _____ ngaluarkeun haseup jeung bau walirang.
10. geleber → tinggeleber
Waktu aya angin ngahiuk, japati nu eunteup dina suhunan _____.



Nyusun Kalimah Jadi Karangan

Yu diajar ngarang!

Ayeuna urang diajar ngarang. Anu babari waé ngarangna mah, upamana kaayaan dina keur usum hujan. Hidep mah ngan kari nyusun kalimahna, tepi ka jadi hiji karangan. Geura pék ku hidep baca.

1. Ayeuna geus mimiti usum hujan.
2. Langit mindeng angkeub.
3. Teu kungsi lila cur hujan.
4. Sakapeung mah sok dibarung ku angin ngagelebug.
5. Tatangkalan sok loba anu runkad.



6. Ngagebru ninggang imah.
7. Lamun keur usum hujan, alusna urang ulah ulin jauh.
8. Komo lamun keur dor-dar gelap mah.
9. Sok matak katorékan apan sora gelap téh.
10. Lamun hujanna gedé bari lila, buruan sok kakeueum cileuncang.
11. Susukan jeung walungan gé limpas.
12. Jalan ogé jadi kakeueum.
13. Kendaraan teu bisa maju.
14. Atuh lalu lintas téh jadi macét.
15. Matak karunya ka nu indit-inditan.
16. Kapaksa waé kudu ngiuhan.

Usum Hujan

Ayeuna geus mimiti usum hujan. Langit mindeng angkeub. Teu kungsi lila cur hujan. Sakapeung mah sok dibarung ku angin ngagelebug. Tatangkalan sok loba anu runkad. Ngagebru ninggang imah.

Lamun keur usum hujan, alusna urang ulah ulin jauh. Komo lamun keur dor-dar gelap mah. Sok matak katorékan apan sora gelap téh.

Lamun hujanna gedé bari lila, buruan sok kakeueum cileuncang. Susukan jeung walungan gé limpas. Jalan ogé jadi kakeueum. Kendaraan teu bisa maju. Atuh lalu lintas téh jadi macét. Matak karunya ka nu indit-inditan. Kapaksa waé kudu ngiuhan.

Pék ayeuna ku hidep susun jadi karangan. Cara migawéna mah ilikan waé conto bieu. Tangtuna gé teu hésé, da hidep kari nyusun kalimahna.



1. Ayeuna geus mimiti usum hujan.
2. Panonpoé ukur némbongan tepi ka beurang.
3. Kadang-kadang saméméh adan lohor gé geus cur hujan.
4. Parat tepi ka wayah magrib hujanna téh.
5. Sanggeus aya hujan mah buruan jadi teu ngebul.
6. Sumur anu tadina saraat ayeuna kaeusian cai.
7. Sok karasa ripuh ari sumur saat téh.
8. Sakapeung kudu ngala cai ka nu rada jauh.
9. Jadi wayahna cai téh kudu diirit.
10. Ngan karunya téh ka nu imahna balacor.
11. Ari usum hujan téh paparabotan di jero imah loba nu kabaseuhan.
12. Cai hujan anu nyakclakan kudu ditandéan.
13. Lamun bocorna loba mah matak ripuh nandéanana.
14. Dina keur usum hujan papakéan meunang nyeuseuh sok hésé garing.
15. Komo lamun moékeun baju baseuh anu karandel mah.
16. Kitu deui mun moékeun sapatu meunang ngumbah sok hésé garing.
17. Padahal ari dina usum hujan téh sapatu babari kotor.
18. Kasebrot ku cileuncang atawa kacéprétan leutak.

Ayeuna geus mimiti usum hujan. _____





Nganggeuskeun Karangan

Yu urang ngarang!

Tah ayeuna mah lain nyusun karangan anu kudu dipigawé ku hidep téh, tapi nganggeuskeun karangan. Urang nyaritakeun usum hujan keneh ieu karangan téh. Kieu geura.

Kelompok 1

Usum Hujan

Ayeuna geus mimiti hujan. Patani ngarasa bungah. Sawah anu tadina garing ayeuna bisa dikocoran cai. Mun sawah geus kacaian mah jadi babari maculna. Kitu deui balong anu tadina saat, ayeuna mah jadi ngemplang.

Dina geus usum hujan patani getol digawé di sawah. Patani melak paré. Mun di kebon patani melak jagong jeung palawija séjénna.

Kelompok 2

Usum Hujan

Ayeuna geus mimiti usum hujan. Ari balik ti sakola mindeng kahujanan di jalan. Papakéan, sapatu, jeung kantong wadah buku jadi baraseuh. Anu matak ari rék sakola téh sok mekel jas hujan, atawa payung.

Sakapeung sok huhujanan jeung babaturan. Maén bal dina keur hujan asa resep pisan. Ngan lapangna sok jadi leueur. Anu maraén bal sok mindeng labuh.



Ayeuna urang ngarang ngeunaan usum halodo. Pék ku hidep tuluykeun kawas bieu hidep nganggeuskeun karangan ngeunaan usum hujan.

Kelompok 1

Usum Halodo

Aya resepna ari usum halodo téh. Langit sok béngراس. Ngan ari dina wanci tengah poé sok karasa panas pisan. Sakapeung mah najan geus soré ogé sok karasa kénéh hareudang. Tapi lamun geus peuting sok robah jadi tiris.

Dina keur usum halodo biasana barudak sok ngapungkeun langlayangan. Tempatna di sawah anu paréna geus dipibuatan. Mun teu kitu ngapungkeun langlayangan téh sok di lapang. Atawa di tempat anu lega séjénna.



Kelompok 2

Usum Halodo

Dina keur usum halodo cai walungan sok orot. Leuwi anu jero gé sok jadi déét. Biasana dina usum halodo téh sok loba anu ngala lauk. Ngala lauk dina waktuna walungan saeutik caina mah jadi rada babari. Béda deui mun ngala lauk dina waktuna walungan gedé cai.

Biasana ngala lauk di walungan dina usum halodo mah sok diheurap. Palebah anu aya caian heurap dirungkupkeun. Dina waktuna diangkat téh laukna sok beunang.





GOTONG ROYONG



Hirup kudu sauyunan, ulah sok aing-aingan. Kitu deui jeung babaturan, urang wajib silih bélaan, jeung silih tulungan. Lamun aya pagawéan, hadé pisan upama dipigawéna babarengan ku cara gotong royong.

Geura ayeuna urang diajar, naon waé anu bisa dipigawé gotong royong téh.



Ngaregepkeun Paguneman

Yu urang ngaregepkeun!

Ieu aya bacaan antara Yusuf, Zaki, Véronika, jeung Rahmi. Eusina nyaritakeun ngapalkeun babarengan. Pék baca ku opat-an, regepkeun ku anu séjén.

Ngapalkeun Babarengan



Yusuf : Engké soré téh jadwal ngapalkeun bareng, nya?

Véronika : Éh, enya. Apan ayeuna téh poé Rebo.

Zaki : Ari sugan téh moal tulus.

Véronika : Ih, nya tulus atuh. Mangkaning keur minggu hareup aya tugas kelompok. Ari Zaki rék ka mana, kitu?



- Zaki : Moal ka mamana. Paling gé rék maén bal. Tapi ari rék ngapalkeun bareng mah, moal tulus miluan maén balna.
- Yusuf : Giliran di imah Rahmi engké soré téh, nya?
- Zaki : Enya. Tuh geuning, Rahmi keur ka dieu.
- Yusuf : Rahmi, Rahmi, gancang atuh leumpangna!
(Rahmi nyampeurkeun rurusuhan.)
- Rahmi : Aya naon atuh? Mani ngarurusuh. Pan katempo rék nyampeurkeun ka dieu.
- Véronika : Enya, baku Yusuf mah ari geus ngarurusuh batur téh.
- Yusuf : Ih, kapan urang téh kudu badami keur engké soré. Apan engké téh jadwal ngapalkeun bareng.
- Rahmi : Enya, Rahmi gé inget. Anu matak nyampeurkeun gé rék ngabadamikeun éta. Jadi kieu, engké soré téh tempatna ulah di imah Rahmi.
- Zaki : Naha maké dirobah?
- Rahmi : Di imah Rahmi keur loba sémah. Aya bibi sakulawarga keur nganjang. Jadi lamun urang ngapalkeun baba-rengan téh moal jongjon.
- Véronika : Bibi Winarsih anu bumina di Kuningan téa, Mi?
- Rahmi : Enya. Kamari ka dieuna téh. Mulihna pagéto.
- Yusuf : Ih, ari aya sémah ti lembur kitu mah tangtuna gé loba oléh-oléh.
- Rahmi : Pasti atuh.
- Yusuf : Peuyeum ketan, nya?
- Zaki : Kiripik gadung deuih oléh-oléh ti Kuningan mah.
- Rahmi : Enya. Peuyeum ketan jeung kiripik gadung.
- Yusuf : Kudu mawa atuh engké soré téh.
- Véronika : Ngan kana dahareun waé Yusuf mah.
- Yusuf : Ih, da éta ogé penting atuh.
- Rahmi : Keun, sual mawa dahareun mah gampang. Ngan engké ngapalkeun téh rék di imah saha?



- Véronika : Di imah Véronika wé. Keun wé rada jauh mah, nya?
- Yusuf : Kajeun ku soal jauh mah, da teu kudu kana ojég ieu. Nu penting mah, Rahmi mawa oléh-oléh.
- Rahmi : Enya. Heug.
- Zaki : Jadi engké téh tulusna urang ngapalkeun di imah Véronika?
- Véronika : Enya.
- Zaki : Urang ngabahas naon waé engké téh?
- Rahmi : Apan pangajaran basa Sunda aya PR.
- Yusuf : Terus deuih urang kudu ngapalkeun susuratan tina Al-Quran.
- Véronika : Éh, enya. Isukan urang téh rék ditéa apanan. Untung Véronika mah geus apal Surat Al-Humazah jeung Al-Kafirun.
- Rahmi : Mun Yusuf jigana ukur karék apal Qulhu, nya?
- Yusuf : Is, henteu atuh. Surat Al-Zalzalah gé da geus apal. Apan di madrosah sok diajar ka Ustad Ahmad Maqbul.

B. Ngajawab Pananya

1. Saha anu nyangka ngapalkeun bareng moal tulus téh?
2. Tadina ngapalkeun bareng téh rék imah saha?
3. Tapi naon sababna maké teu tulus di dinya?
4. Ari Bi Winarsih téh saha, jeung di mana matuhna?
5. Mawa oléh-oléh naon datangna téh?
6. Rék ngabahas naon éta budak nu opatan téh?
7. Ari isukna, maranéhna di sakola rék ditéa naon?
8. Geus apaleun surat naon waé Véronika téh?
9. Saha nu geus apaleun Surat Al-Zalzalah?
10. Naon sababna urang kudu akur jeung babaturan?





C. Ngadiskusikeun Kadaharan Has Daérah

Yu urang diskusi!

Dina bacaan ditétlakeun yén Bi Winarsih téh matuhna di Kuningan. Terus deuih disebutkeun yén oléh-oléh ti Kuningan anu dianggap has téh nyaéta peuyeum ketan jeung kiripik gadung.

Peuyeum ketan téh nyaéta peuyeum anu dijieunna tina béas ketan. Ari kiripik gadung nyaéta kiripik anu dijieunna tina beuti gadung, teu béda ti kiripik taleus atawa kiripik sampeu. Gadung téh ngaran tatangkalan anu ngarambat, beutina sok dikiripik.

Kadaharan has daérah séjénna di antarana waé:

<i>dodol</i>	<i>tahu</i>	<i>ladu</i>
<i>wajit</i>	<i>simping</i>	<i>borondong</i>
<i>taleus</i>	<i>galéndo</i>	<i>kurupuk udang</i>
<i>endog penyu</i>	<i>buah</i>	<i>ulén</i>
<i>kécap</i>	<i>tauco</i>	<i>hui</i>

Pék ayeuna hidep nyieun kelompok pikeun ngadiskusikeun rupa-rupa kadaharan has daérah. Carana mah hidep kari ngajawab pananya di handap. Jawabanana geus disadiakeun, sakumaha anu ditulis di luhur. Hidep ngan kari milih jawaban anu bener. Lamun geus didiskusikeun di kelompok, terus terangkeun di hareupeun batur sakelas.

Kelompok 1

1. Naon ari kadaharan has ti Sumedang?
2. Naon ari kadaharan has ti Cililin?
3. Naon ari kadaharan has ti Cirebon?
4. Naon ari kadaharan has ti Purwakarta?
5. Naon ari kadaharan has ti Majaléngka?



Kelompok 2

1. Naon ari kadaharan has ti Garut?
2. Naon ari kadaharan has ti Ciamis?
3. Naon ari kadaharan has ti Sukabumi?
4. Naon ari kadaharan has ti Bogor?
5. Naon ari kadaharan has ti Cilembu?

Kelompok 3

1. Naon ari kadaharan has ti Cianjur?
2. Naon ari kadaharan has ti Majalaya?
3. Naon ari kadaharan has ti Indramayu?
4. Naon ari kadaharan has ti Malangbong?
5. Naon ari kadaharan has ti Subang?



D. Ngalisankeun Kecap

Dina paguneman bieu aya kalimah kieu:

1. Ari Zaki rék ka mana, kitu?
2. Di imah Véronika wé. Keun wé rada jauh mah, nya?
3. Terus deuih urang kudu ngapalkeun susuratan tina Al-Quran.
4. Untung Véronika mah geus apal Surat Al-Humazah jeung Al-Kafirun.
5. Apan di madrosah sok diajar ka Ustad Maqbul.

Dina kalimah bieu aya kecap Zaki, Véronika, jeung Al-Quran. Ieu aksara karék ayeuna diajarkeun ka hidep. Geura ku Ibu/Bapa badé diterangkeun heula.

Zaki	→	<i>Zaki</i>
Véronika	→	<i>Véronika</i>
Al-Quran	→	<i>Al-Quran</i>
Al-Humazah	→	<i>Al-Humazah</i>
Maqbul	→	<i>Maqbul</i>



Pék ayeuna ku hidep ucapkeun.

1. Di Tasik aya pahlawan Haji Zainal Mustofa.
2. Ruhimat keur ngapalkeun Surat Al-Humazah.
3. Engké soré dina televisi ditayangkeun filem Zorro.
4. Nabi Muhammad téh bangsa Arab Qurés.
5. Bapa Haji Maqsum mingpin Pasantrén Al-Huda.
6. Véronika dipangmeulikeun sapéda weuteuh.
7. Bandung téh ibukota Provinsi Jawa Barat.
8. Putra pun bibi nu bungsu namina Ahmad Faqih.
9. Lapang voli di Désa Mengger keur dirarata.
10. Bapa Zulham anu dagang sendal asalna ti Padang.



Ngagalantangkeun Kalimah

Pék ku hidep titénan, terus galantangkeun kalimahna.

1. mawa → dibawa
Rahmi mawa oléh-oléh ti Kuningan.
Oléh-oléh ti Kuningan dibawa ku Rahmi.
2. maca → dibaca
Udan maca buku carita wayang.
Buku carita wayang dibaca ku Udan.
3. nyeuseuh → diseuseuh
Heryanto nyeuseuh baju kotor.
Baju kotor diseuseuh ku Heryanto.
4. maké → dipaké
Hésti maké sapatu olahraga.
Sapatu olahraga dipaké ku Hésti.
5. maraban → diparaban
Bangbang maraban anak manuk.
Anak manuk diparaban ku Bangbang.



6. ngahurungkeun → dihurungkeun
Sarah rék ngahurungkeun kompor.
Kompor rék dihurungkeun ku Sarah.
7. ngasah → diasah
Ruswéndi ngasah péso raut.
Péso raut diasah ku Ruswéndi.
8. nyébor → dicébor
Farida nyebor tangkal kembang.
Tangkal kembang dicébor ku Farida.
9. ngocorkeun → dikocorkeun
Geugeu ngocorkeun cai tina bak.
Cai tina bak dikocorkeun ku Geugeu.
10. meulahan → dibeulahan
Ageng meulahan awi keur bahan pager.
Awi keur bahan pager dibeulahan ku Ageng.



F. Ngeusian Kalimah

Eusian ku kecap anu merenah!

1. ngaduruk – diduruk
 - a) Kang Momo _____ runtah.
 - b) Runtah _____ ku Kang Momo.
2. ngadahar – didahar
 - a) Pais lauk _____ ku ucing.
 - b) Ucing _____ pais lauk.
3. mulas – dipulas
 - a) Témbok kamar _____ ku Kang Oha.
 - b) Kang Oha _____ témbok kamar.
4. nyieun – dijieun
 - a) Héryati rék _____ bobonékaan.
 - b) Bobonékaan rék _____ ku Héryati.



5. nyangcang – dicangcang
 - a) Aki Sasmita _____ domba jalu.
 - b) Domba jalu _____ ku Aki Sasmita.
6. ngarang – dikarang
 - a) Guguritan _____ ku Bapa Guru.
 - b) Bapa Guru _____ guguritan.
7. ngampihkeun – diampihkeun
 - a) Nénéng _____ baju meunang ngistrika.
 - b) Baju meunang ngistrika _____ ku Nénéng.
8. ngabedahkeun – dibedahkeun
 - a) Balong di lebak _____ ku Aki Haji.
 - b) Aki Haji _____ balong di lebak.
9. nerangkeun – diterangkeun
 - a) Cara-cara ngarang _____ ku Ibu Guru.
 - b) Ibu Guru _____ cara-cara ngarang.
10. nyaritakeun – dicaritakeun
 - a) Pangalaman ka Taman Safari _____ ku Wéni.
 - b) Wéni _____ pangalaman ka Taman Safari.



Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Ieu aya bacaan nyaritakeun kerja bakti nyieun lapang voli.
Pék baca sing bedas, bandungan ku anu séjén.

Haruman Nyieun Lapang Voli

Warga Pataruman geus lila butuh lapang voli. Ti heula mah aya lapang voli téh, tapi ayeuna tempatna geus diadegan imah. Keur aya lapang voli kénéh mah, kagiatan olahraga téh puguh jadwalna. Aya organisasina deuih, dingaranan Haruman. Éta téh



singgetan tina Himpunan Rumaja Pataruman. Anu jadi ketuana Kang Zainal.

Geus rada lila pangurus Haruman nyieun rencana rék nyieun lapang voli. Kabeneran di Pataruman téh aya tanah kosong anu Pa Haji Taufik. Tacan dipigawé sotéh sabab tacan aya idin ti nu bogana. Pa Haji Taufik téh matuhna di kota séjén. Ari minggu tukang, Pa Haji Taufik datang ka Pataruman. Kang Zainal nyarita yén hayang nyieun lapang voli di tanah anu kosong téa.

“Pék waé rék dipaké lapang voli mah,” ceuk Pa Haji Taufik.

Geus kitu mah der waé dipigawé lapang voli téh. Sakumna rumaja, awéwé-lalaki, mariluan kerja bakti. Kitu deui barudak milu mantuan. Pa RT nyumbang konsumsi keur anu digarawé.

Jukutna dibabad, lahanna dirarata. Bagian anu legokna disaeuran. Ngababad jukut jeung ngararata lapang mah dipigawé ku anu geus galedé. Ari barudak mah kabagian sasapu. Runtahna dikeduk, terus dipiceun ka jarian.



Teu anggeus ku sakali kerja bakti, da loba nu kudu dipigawéna. Minggu hareupna kerja bakti téh diteruskeun deui.

“Tah, hayu ayeuna mah urang ukur,” ceuk Kang Zainal.



Lapang téh ngujur ngalér, ngarah teu sérab mun keur dipaké voli. Sanggeus diukur, terus di saban juruna dipasangan patok. Dikirian deuih keur nancebkeun tihang nét.

Ari dipigawéna ku lobaan bari garetol mah, ahirna éta lapang voli téh anggeus. Saréréa ngarasa atoh, sabab cita-cita hayang boga lapang voli téh bisa laksana. Geus kitu mah der waé latihan, sabab rék nyanghareupan pertandingan di tingkat kalurahan.



Metakeun Paguneman

Yu urang metakeun paguneman!

Petakeun paguneman anu aya di handap.

Paguneman 1

Langlayangan Oray-Orayan

Fatimah : Aa, badé ngadamel naon éta téh?

Aa Danu : Badé ngadamel langlayangan.

Suryadi : Tugas ti sakola?

Aa Danu : Sanés. Ieu mah kanggo reresepan, apungkeuneun di lapang. Kapan ayeuna tos ngawitan usum halodo.

Suryadi : Abdi atuh pangdamelkeun hiji.

Aa Danu : Asal Suryadi mantuan, keun ku Aa dipangdamelkeun.

Fatimah : Abdi ogé badé mantuan, ah.

Suryadi : Tiasa, kitu?

Fatimah : Ari nyambungkeun keretas mah tiasa, da gampil ieu.

Aa Danu : Bantuan mulasna deuih, mun langlayanganana tos bérés.

Fatimah : Mangga. Nganggo naon engké téh mulasna?





Suryadi : Ku ontan wé nya, A? Keun mésérna mah ku abdi. Di warung Bang Izul gé aya ontan mah.

Fatimah : Ontanna warn biru sareng beureum.

Aa Danu : Muhun. Sok atuh Suryadi ka warung heula. Tah ieu artos kanggo mésérna. Tah ayeuna keretasna sambung-sambungkeun ku Fatimah. Elémna candak dina luhur méja tulis.

Suryadi : Upami tos mésér ontan, abdi kedah mantuan naon deui?

Aa Danu : Pangnyandakkeun batu asahan, da péso rautna rada mintul.

Fatimah : Badé ngadamel langlayangan naon engké téh, A?

Aa Danu : Langlayangan oray-orayan.

Suryadi : Ih, atuh éta mah saé pisan. Buntutna sing panjang ngagebay!



Ulin kana Sapédah



- Ridwan : Kadé poho, apan engké soré urang rék ulin kana sapédah téa.
- Sumantri : Ah, moal tulus
- Aisah : Naha maké moal tulus?
- Sumantri : Sapédahna ogé ruksak.
- Salsabila : Euh, atuh teu resep mun Sumantri moal milu mah.
- Ridwan : Ruksak naonna?
- Sumantri : Kawat erémna pegat, jaba pélekna pényon.
- Aisah : Naha ku naon mani tepi ka kitu?
- Sumantri : Apan urut labuh, basa keur dipaké ku Téh Sartika.
- Ridwan : Ih, ari sugan geus dibenerkeun urut harita labuh téh.
- Sumantri : Tacan kaburu dibawa ka béngkél.
- Salsabila : Urang oméan heula wé atuh.
- Ridwan : Moal anggeus dina waktu sakeudeung tuda ngoméan pélek mah.



Aisah : Enya, pastina gé rada lila, da jari-jarina kudu disetél heula.

Salsabila : Paké atuh sapédah anu Salsabila.

Sumantri : Naha boga dua, kitu?

Salsabila : Enya, boga dua. Tapi asana kempés sapédah nu hiji deui téh, da geus lila tara dipaké.

Aisah : Kari ngompa atuh ari kempés mah.

Ridwan : Kumaha lamun kempésna téh ku sabab bitu?

Aisah : Nya kari tambal.

Sumantri : Teu hésé nambal ban mah, jeung moal lila deuih.

Salsabila : Pék atuh ayeuna cokot ku Sumantri!

Sumantri : Heug.

Ridwan : Hayu atuh dianteur mawana.





KAULINAN JEUNG OLAHRAGA



Ayeuna urang diajar ngeunaan kaulinan jeung olahraga. Dina ieu pangajaran aya bacaan anu nyaritakeun kaulinan. Engké di bagian saterusna aya bacaan anu medar ngeunaan olahraga. Pék ku hidep bandungan atawa baca. Engké hidep bakal dibéré pancén nganggeuskeun karangan.



Ngabandungan Pedaran Ngeunaan Kaulinan

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang ngabandungan!

Tangtuna gé hidep arapal, naon anu dimaksud kaulinan. Éta bagian tina kahirupan barudak kawas hidep. Geuning hidep sok ucing-ucingan, peperangan, sondah, béklen, rorobotan, slépdur, pal-palan, jajangkungan atawa égrang, langlayangan, atawa maén ular tangga. Tah nu kitu téh kaulinan disebutna. Dina kaulinan téh aya anu husus keur barudak lalaki wankul, aya anu keur barudak awéwé, jeung aya anu campuran barudak lalaki jeung barudak awéwé.

Kaulinan téh aya anu kudu di tempat lega, upamana waé ucing sumput, aya deuih anu cukup ku di teras, misalna ular tangga. Umumna dina kaulinan téh kudu leuwih ti saurang. Geura ayeuna ku hidep baca, kumaha carana barudak ulin ucing puntang. Bacana mah ku saurang waé, anu séjén ngabandungan.

Bacaan

Yu urang maca!

Ucing Puntang

Pasosoré, sanggeus barudak bubar ti madrosah. Kabeneran keur hadé poéna, henteu hujan. Barudak henteu baralik, tapi terus ngabring ka buruan kantor RW. Aya tujuh kabéhna téh:



Sobari, Ramdan, Naning, Rétna, Yusuf, Aisah, jeung Daman. Maranéhna téh rék ulin ucing puntang.

Di buruan kantor RW téh loba tatangkalan. Aya tangkal jambu batu jeung jambu aér, tangkal manalika di béh juru, tangkal buah arumanis, jeung tangkal balingbing.

“Naon waé anu rék dipaké muntangna?” ceuk Yusuf.

“Ieu wé tatangkalan. Tuh pan anggangna ampir sarua,” témbal Sobari.

“Atuh kurang hiji, sabab kuduna tangkalna aya genep,” ceuk Naning.

“Anu hiji deui mah éta wé ku tihang bandéra,” ceuk Ramdan.

“Enya. Sok ah, urang mimitian,” omong Daman.

Pikeun nangtukeun saha nu jadi ucingna, barudak téh suten heula. Mimitina Yusuf jeung Daman. Yusuf ngasongkeun cinggir, ari Daman ngasongkeun curuk.

“Horé meunang!” ceuk Daman atoh.

Terus Yusuf jeung Naning. Yusuf ngasongken curuk, ari Naning ngasongkeun indung leungeun.

“Tah, ayeuna mah meunang!” Yusuf ngagorowok.

Ahirna anu jadi ucing téh Sobari. Anu genepan gancang lalumpat kana pamuntangan. Rétna kana tangkal buah, Yusuf kana tihang bandéra, Naning kana tangkal balingbing, Daman kana tangkal jambu batu, Aisah kana tangkal manalika, jeung Ramdan kana tangkal jambu aér. Ari Sobari mah ku sabab jadi ucing, teu bogaeun pamuntangan. Manéhna kudu néangan pamuntangan anu kosong, sabot babaturan pindah pikeun patukeur tempat. Hiji pamuntangan téh teu meunang dieusian ku duaan.

“Tong caricing waé atuh. Hayoh geura parindah!” ceuk Sobari ka nu genepan.





Mimiti Yusuf lumpat kana tangkal buah anu ditempatan ku Rétna. Sobari gancang rék muntang kana tihang bandéra anu ditinggalkeun ku Yusuf, tapi kaburu dipiheulaan ku Daman. Sobari balik gancang lumpat deui kana tangkal jambu batu anu ditinggalkeun ku Daman, tapi Ramdan leuwih gancang ngeusian. Ari tempat urut Ramdan dieusian ku Naning.

Kitu wé terus, tepi ka ahirna Sobari bisa nempatan pamuntangan anu kosong.

“Aisah ayeuna jadi ucing!” ceuk Sobari ka Aisah anu teu kabagian pamuntangan.

Ngan sakeudeung Aisah mah jadi ucingna téh, sabab terus diganti ku Yusuf. Sanggeus Yusuf, anu jadi ucing téh giliran Ramdan. Tepi ka ahirna mah saréréa kabagian jadi ucing. Bédana téh jadi ucingna aya anu ukur sakali, jeung aya anu leuwih ti sakali.

“Geus ah, urang enggeusan. Tuh, geus ampir magrib,” omong Naning.

“Enggeusan, enggeusan ...,” omong nu séjén, bari terus marulang ka saimahna-saimahna.



Pedaran

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Tah kitu carana ucing puntang téh. Anu jadi ucingna kudu néangan tempat anu kosong. Ari anu teu kabagian tempat, éta nu kudu ngaganti jadi ucingna.

Tangtu waé dina ucing pantang mah kudu rikat, jeung panon kudu awas kana pamuntangan anu kosong. Mun teu kitu, urang bakal terus-terusan jadi ucing. Disebutna téh dikocok.

Kaulinan séjénna anu maké kecap ucing misalna waé ucing sumput, ucing beling, jeung ucing kalang atawa ucing kuriling.

Pikeun nangtukeun nu jadi ucing, biasana sok suten heula. Dina suten, aya tilu ramo anu sok digunakeun, nyaéta indung leungeun (disaruakeun jeung gajah), curuk (disaruakeun jeung jalma), jeung cinggir (disaruakeun jeung sireum). Gajah éléh ku sireum. Sireum éléh ku jelema. Ari jelema éléh ku gajah.

Aya deuih anu disebut hompimpah atawa cingciripit. Ieu mah sok bari dikawihan. Kieu geura kawih dina hompimpah mah.

*Hompimpah, hompimpah
alaiyum gambléng!*



B. Maca dina Jero Haté

Yu urang maca!

Joging

Jalan Galumpit teu sakumaha ramé, da ukur jalan désa. Komo ka tonggohna mah, sabab langka lembur. Kénca-katuhueun jalan téh lolobana kebon. Tapi ari poé Ahad isuk-isuk mah sok ngadadak jadi ramé, sabab loba anu olahraga. Joging disebutna téh, nyaéta lumpat lalaunan, bari sok leumpang heula mun geus mimiti karasa capé mah. Malah sakapeung mah sok loba kénéh leumpangna.





Lolobana warga perumahan anu sok jogging téh. Ngabring ka tonggoh, ti mimiti bijil panonpoé. Lumayan matak ngoprot késang, sabab jalanna nanjak. Biasana mah anu jogging téh sok tepi ka tutugan gunung. Enya, kapan di tonggoheun Galumpit téh ngajegir gunung. Kawasna ari opat kilométer mah aya jauhna téh.

Raména pisan mah lamun geus haneut moyan. Anu jogging téh pacampur, kolot-budak, awéwé-lalaki.

Salian ti jogging, anu tarumpak sapéda gé aya deuih. Da puguh nanjak, lajuna sapéda téh teu bisa tarik. Malah dina lebah anu netekna mah sok ditarungtn. Atawa dina diboséhna gé sok maké gigi gedé.

Beuki ka tonggoh, hawana beuki karasa seger. Urang téh apan butuh ku hawa seger pikeun kaséhatan badan. Lamun urang remen nyeuseup hawa kotor, tangtu bakal jadi kasakit. Biasana anu hawan kotor téh di jalan raya atawa di lokasi anu aya pabrik. Sakapeung mah matak eungap, komo lamun bari loba kekebul.



Segerna hawa téh biasana ku sabab loba tatangkalan, sarta tempatna rada luhur. Anu matak sok loba nu ngahaja indit ka gunung, rék olahraga wungkul atawa bari sakalian piknik.

Joging kaasup olahraga anu babari milampahna, da saréréa ogé beunang disebutkeun bisa. Lian ti éta, joging mah teu gumantung ka batur deuih. Najan ukur sorangan gé apan bisa. Béda jeung badminton, upamana, anu kudu aya batur, da teu bisa sorangan. Komo maén bal mah, kudu réaan.



Ngalengkepan Kalimah

Sanggeus bacaan bieu ku hidep di baca, pék ayeuna anggeuskeun kalimah di handap. Eusina kudu saluyu jeung eusi bacaan.

1. Jalan Galumpit teu sakumaha ramé téh sabab _____.
2. Ngadadak ramé téh biasana dina poé Ahad, sabab _____.
3. Ari anu dimaksud joging téh nyaéta _____.
4. Jalanna nanjak, anu keur joging téh sok _____.
5. Di tonggoheun Galumpit téh ngajegir _____.
6. Lamun diukur jauhna kira-kira aya _____.
7. Raména anu joging téh lamun geus _____.
8. Anu tarumpak sapéda ka tonggoh teu _____.
9. Lobana tatangkalan nyababkeun hawa _____.
10. Indit ka gunung pikeun olahraga atawa _____.
11. Joging kaasup olahraga anu babari _____.
12. Pangna kitu téh lantaran _____.
13. Ari badminton mah teu bisa _____.
14. Olahraga anu kudu réaan upamana _____.
15. Tujuan urang olahraga téh pikeun _____.



D. Maca Paguneman

Pék ku hidep baca paguneman di handap.

Nugraha : Nu nuju maén téh mana sareng mana, Uwa?

Uwa Angga : Jerman ngalawan Walanda. Tapi da geus ti tatadi maénna gé atuh, Nug. Mani elat atuh lalajo maén bal marengan Uwa téh. Sakeudeung deui gé istirahat.

Nugraha : Abdina dipiwarang heula ka apoték ku Mamah. Sabaraha sekorna, Wa?

Uwa Angga : Kosong-kosong kénéh. Tapi ari bal mah nyedekna loba ka Walanda. Haradé tuda pamaén Jerman mah. Operan-operan balna leuwih merenah. Komo tah anu jadi sénterpur, mani sagilek-gilek norobos kana pertahanan lawan téh Euh, wasit geus niup piriwit panjang. Istirahat heula, Nug. Geus waé tong ka mamana, baturan Uwa di dieu.

Nugraha : Naon ari sénterpur téh, Wa?

Uwa Angga : Éta tah, pamaén anu posisina di tengah.

Nugraha : Oh, kitu? Tapi dina maén bal ayeuna mah tara disebut kitu, da.



Uwa Angga : Enya. Éta mah sesebutan dina maén bal jaman baréto, Nug.

Nugraha : Uwa mah ti kapungkur seneng kana maén bal téh, nya?

Uwa Angga : Is atuh puguh waé resep mah. Henteu ngan saukur lalajo wungkul, tapi Uwa mah resep jeung maénna deuih. Baréto mah kieu-kieu gé Uwa téh béntang lapang. Dina umur wewelasan taun téh geus maké bal baliter.

Nugraha : Bal baliter?

Uwa Angga : Enya. Bal baliter téh bal kulit atuh. Jaman Uwa keur budak mah, bal baliter téh kaasup méwah, da langka anu bogaeun. Manasina ayeuna, budak karék apal nyépak wungkul gé geus maké bal kulit. Jaman baréto mah boro-boro.

Nugraha : Da ayeuna gé sanés tina kulit, Wa.

Uwa Angga : Enya, lain tina kulit, tapi tina bahan imitasi. Tapi baréto mah tina kulit bal téh, Nug. Bagian luarna maksud Uwa mah anu tina kulit téh. Bagian jerona tina karét. Teu béda ti ban sapéda, anu disebut bal kulit jaman Uwa keur sok maén kénéh mah. Apan dina ban sapéda gé, aya nu disebut ban luar jeung ban jero. Weuh, mahal hargana gé bal kulit mah, Nug. Anu matak disebutna gé méwah mun maén maké bal kulit téh.

Nugraha : Ari kapungkur seuseueurna sok nganggo bal naon atuh, Wa?

Uwa Angga : Paling gé bal karét. Éta téh geus kaasup kelas lumayan, da ari mimindengna mah ukur maké bal jeruk.

Nugraha : Bal tina jeruk, Wa?

Uwa Angga : Heueuh.



Nugraha : Ah, piraku, Uwa, aya maén bal nganggo jeruk.

Uwa Angga : Ih, enyaan. Enya, nu dijieun bal téh jeruk gedé, atawa nu sok disebut jeruk bali téa. Milihan heula jeruk anu ngora kénéh, terus dibubuy ngarah jadi hipu.

Nugraha : Panginten beurat sareng moal ngancul, Wa.

Uwa Angga : Nya heueuh. Ngaranna gé jeruk, waktu disépak téh kalah ngagepluk. Jeung barina gé tara disebut maén bal harita mah, tapi sedekan atawa sesedekan.

Nugraha : Sok diwasitan, Wa?

Uwa Angga : Wah, tara. Pokona mah asal geus aya sababaraha urang, der waé dimimitian. Tampolana mah tara puguh baladna, jeung tara maké gul-gul acan.

Nugraha : Har, teu puguh atuh pami kitu mah. Kumaha ari nangtoskeun sekorna?

Uwa Angga : Tara maké sekor. Nu penting mah asal bisa nyépak sahabekna. Tampolana lain kana bal nyépakna téh, tapi kana suku batur. Geus lain maén bal deui saenyana mah, da bakal leuwih keuna mun disebut ngadu bincurang.

Nugraha : Tapi angger wé capé nya, Uwa?

Uwa Angga : Nya heueuh. Lain capé wungkul, tapi bari nyareri awak ari enggeusna téh, urut tibabaradug atawa ditigrig ku batur.

Nugraha : Dupi tempatna di lapang maén bal, Wa?

Uwa Angga : Ah, lain. Aya di sawah garing, aya di tegal pang-angonan, atawa di buruan mun aya nu lega mah. Pokona mah asal aya tempat rada lega bari datar, prung wé.

Nugraha : Dupi sesedekan kalebet kana olahraga kénéh, Wa?

Uwa Angga : Nya meureun heueuh.





Ngapalkeun Harti Kecap

Yu urang niténan harti kecap!

1. Malah **sakapeung** mah sok loba kénéh leumpangna.
sakapeung = kadang-kadang
2. Biasana mah anu josing téh sok tepi ka **tutugan gunung**.
tutugan gunung = suku gunung atawa bagian handapna gunung
3. Raména pisan mah lamun geus **haneut moyan**.
haneut moyan = kira-kira tabuh tujuh isuk-isuk
4. Josing kaasup olahraga anu babari **milampahna**.
milampahna = migawéna
5. Éta tah, pamaén anu **posisina** di tengah.
posisina = tempatna
6. Baréto mah kieu-kieu gé Uwa téh **béntang lapang**.
béntang lapang = pamaén pangalusna dina maén bal
7. **Manasina** ayeuna, budak karék apal nyépak wungkul gé geus maké bal kulit.
manasina = teu kawas
8. Milihan heula jeruk anu ngora kénéh, terus **dibubuy** ngarah jadi hipu.
dibubuy = dikubur dina lebu panas
9. **Tampolana** tara puguh baladna, jeung tara maké gul-gul acan.
tampolana = aya kalana
10. Lain capé wungkul, tapi bari nyareri awak ari enggeusna téh, urut tibabaradug atawa **ditigrig** ku batur.
ditigrig = didudak ti gigir bari disiku





Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah

Yu urang latihan!

Eusian kalimah di handap ku kecap anu geus disayagikeun.

Contona: sakapeung – salilana

Dina lebah tanjakan mah *sakapeung* sok eureun heula.

Ah, *salilana* ogé panonpoé mah bijilna ti beulah wétan.

1. tutugan gunung – puncak gunung
Dina lebah _____ aya saung paranti reureuh.
Nanjak pisan mun leumpang ka _____ mah.
2. haneut moyan – tengah poé
Indit ti imah téh waktu _____, henteu kana ojég.
Ulah ngapungkeun langlayangan _____ atuh,
panas.
3. béntang lapang – béntang baranang
Barétona cenah Uwa Angga kungsi jadi _____.
Di langit _____, tambah éndah pamandangan.
4. dibubuy – dibeuleum
Méméh dipaké maén bal, jeruk bali téh kudu _____
heula.
Lauk emas mah rék digoréng atawa _____ ogé angger
ngeunah.
5. ditigrig – diteunggar
Kiper anu rék néwak bal téh _____ tepi ka labuh ka
gigireun gul.
Panto pager téh tepi ka ucutan lantaran _____ domba
anu leupas.






Nataan Sesebutan dina Awak


Dina paguneman Uwa Angga jeung Nugraha disebut-sebut bincurang. Hidep apal maksudna? Bincurang téh ngaran babagian suku.

Geura ilikan gambarna di handap.



- a. tuur
- b. cécékolan
- c. bitis
- d. bincurang
- e. mumuncangan
- f. keuneung
- g. dampal suku


Ayeuna urang titénan ngaran babagian leungeun.



- a. peupeuteuyan
- b. siku
- c. pigeulang
- d. tonggong leungeun
- e. dampal leungeun
- f. ramo



Ngaran ramo



- a. indung leungeun
- b. curuk
- c. jajangkung
- d. jariji
- e. cinggir



Nyusun Kecap Jadi Kalimah

Yu urang nyusun kecap jadi kalimah!

Pék ku hidep susun jadi kalimah.

1. sapédah – labuh – tina – baréd – manéhna – urut – tuur
Tuur manéhna baréd _____.
2. katajong – teu – bincurang – nyingcet – bakal – lamun
Lamun teu nyingcet _____.
3. paku – keuneung – nyeri – lebah – mani – kacugak – dina
Kacugak paku mani _____.
4. mumuncangan – kaos – kudu – kaki – nutupan – maké – mun
Mun maké kaos kaki _____.
5. érloji – pigeulang – ogé – biasana – atuh – dina – mah – maké
Maké érloji mah biasana _____.
6. pilar – siku – labuh – dipaké – tina – nahan – waktu – luhur
Siku dipaké nahan waktu _____.
7. ramo – ngitung – dititah – mun – maké – sok – baréto – mah
Baréto mah mun dititah _____.
8. jauh – barang – anu – nuduhkeun – curuk – sok – dipaké
Curuk sok dipaké _____.



9. jariji – ali – maké – mah – biasana – kénca – dina – lamun
Lamun maké ali mah _____.
10. cinggir – sok – téh – sireum – suten – diibaratkeun – dina
Dina suten cinggir téh _____.



Nganggeuskeun Karangan

Yu urang nulis!

Ayeuna urang diajar ngarang ngeunaan kaulinan. Hidep ngan kari nganggeuskeun saban alinéa dina karangan anu geus nyampak.

Ucing Sumput

Kira-kira tabuh satengah lima soré, barudak keur ulin di buruan. Kabeneran keur teu hujan. Maranéhna rék ulin ucing sumput.

Barudak anu keur ucing sumput téh aya lima, nyaéta Rahmat, Wida, Nurul, Tédi, jeung Komara. Pikeun nangtukeun saha nu jadi ucing, barudak téh _____

_____.

Anu pangheulana kapilih jadi ucing téh Nurul. Barudak anu opatan deui terus néangan panyumputan. Rahmat nyumput dina tukangeun _____

_____.



Anu pangheulana kapanggih nyumputna nyaéta Tédi. Atuh terus waé Tédi _____

_____.

Saterusna anu kagiliran jadi ucing téh Komara. _____

_____.

Sanggeus burit, barudak terus _____

_____.

Pancén

Mun karangan hidep geus réngsé, pék baca saurang-saurang. Tangtuna gé karangan hidep téh aralus. Jadi teu kudu éra macana. Engké ku Ibu/Bapa Guru badé dipeunteun. Sok geura mimitian.





ÉNDAHNA SOSOBATAN



Ayeuna urang maca carita pondok atawa sok disingget jadi carpon. Resep geura. Ieu carpon téh dikarangna ku barudak SD. Tangtu ku hidep mah bakal babari kahartina.

Hayu urang mimitian.



Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Pék baca bedaskeun, anu séjén ngabandungan.

Carpon 1

Kastrol Panas



Harita téh Udin keur ngalamun di hareupeun imahna. Lamunanana kieu, lamun aing miskin mah cilaka.

Keur kitu, Asép datang. “Hoyah, Udin!”

Udin ngarénjag. Ampir tarangna bancunur, sabab rék ngahédén kai jati sagedé pingping kolot. Saméméh Udin labuh, ku Asép dibetot.



“Ah silaing mah, ngareureuwas waé. Ampir ngahédén kai jati,” ceuk Udin bangun keuheul.

“Sori, sori,” ceuk Asép bari ngadeukeutan Udin. “Din, ngaliwet yu, ah!”

“Ah, urang mah ngan boga béas wungkul jeung céngék,” jawab Udin.

“Keun baé. Urang ajak wé Si Peucang jeung Si Ajat,” ceuk Asép. Nu dimaksud Si Peucang téh nyaéta Unang, pédah lumpatna tarik. Jadi wé dingaranan Si Peucang. Ari Ajat ngaran aslina mah Ujang Sopandi. Disebut Ajat sotéh pédah jago ménbal, kawas Ajat Persib. Basa Agustusan kamari gé, ngabuskeun lima kali.

“Yu ah, urang ngajak Si Peucang jeung Si Ajat!”

Teu kacatur di jalanna mah. Asép jeung Udin geus papanggih jeung sobat-sobatna keur ngarala kérsen.

“Hallow, Ajat, Peucang!” ceuk Udin

“Rék naon, euy?” Ajat nanya.

“Ngaliwet yu, euy!” Asép ngajak bari ngarojok bujur Ajat.

“Cicing, Asép! Manéh mah jail waé!”

Mémang Asép téh tukang jail, tapi tara kaleuwihan. Jeung Asép mah di masjid jeung di sakolana calakan.

“Ngaliwet di mana?” Si Peucang nanya.

“Di kebon Aki Undang,” jawab Udin.

Bral éta opat budak téh arindit. Udin mawa béas sakilo jeung céngék. Asép mawa suluh jeung uyah. Si Peucang mawa asin, Si Ajat mawa kastrol jeung coét.

Di kebon Aki Undang, maranéhna sibuk. Udin kabagian ngurus liwet. Si Peucang meuleum asin, Si Ajat nyambel, ari Si Asép ngala sayuran, kayaning bonténg, saladah, jeung réa-réa deui.

Sanggeus satengah jam, liwet jeung asin geus asak.



“Sép, ngala daun cau, jig!” ceuk Udin bari ngasongkeun péso lipetna anu ukuran opat inci.

Beretek Asép lumpat. Teu lila geus datang deui bari mawa daun cau. Tuluy liwet téh diwadahan kana daun cau. Sanggeus kitu mah terus dalahar bari paronyo naker.

Keur kitu kadéngé aya nu ngomong tarik, “Héy, sia nu sok ngaruksak kebon aing téh!”

Atuh saréréa reuwas, sabab geus nyaho yén éta téh sora Aki Undang. Maranéhna lalumpatan. Geus poho kana sangu liwet mah.

Aki Undang nénjo kastrol anu nyéngclé dina luhur batu. Habek ditajong. Teu sadar yén bujur kastrol téh panas pisan. Atuh Aki Undang ngagorowok, terus ngajleng kana embel.

“Walaw, walaw ...,” cenah.

Sanggeus Aki Undang labuh, budak nu opat buru-buru mawa liwet katut nu séjénna.

Dikarang ku Dea Lugina Siswa SD Negeri Cibiru 2, Bandung



Maca Dina Jero Haté

Yu urang maca!

Pék baca dina jero haté.

Carpon 2

Lalajo Lumba-Lumba

Basa peré caturwulan kahiji, kabeneran di Bandung aya pintonan lumba-lumba. Tempatna di lapangan Tugu Bandung Lautan Api, Tegallega.



Lalajo lumba-lumba téh henteu poé Minggu. Poé Minggu mah sok loba pisan nu lalajo. Kuring mah lalajo téh poé Senén. Indit ti imah téh jam salapan isuk-isuk. Leumpang waé sorangan da kabeneran teu pati jauh. Satengah jam ogé nepi. Tuluy meuli karcis di kelas dua.

Barang sup ka jero, geuning lain barudak waé anu lalajo téh, ibu-ibu jeung bapa-bapa ogé aya. Tapi lolobana mah barudak sakola dasar, da keur peré.

Mani kesel ngadagoan pintonan dibuka. Jam sapuluh dibukana téh. Hadéna baé ari isuk-isuk mah teu panas teuing. Hateupna tina séng, mun ti beurang mah cenah sok panas pisan.

Mani atoh téh barang pintonan mimiti dibuka. Mani resep. Mimiti anu dimaénkeun téh anjing laut. Sina luluncatan, sina ulin bal, sina dadangsaan. Lucu pisan, anjing laut téh bisa ngitung. Harita aya nu lalajo nulis dina bor leutik $6 + 6 = \dots$. Anjing laut téh ngagoyangkeun bél. Mimiti mah salah. Kadua kalina salah kénéh. Katilu kalina mah bener 12 kali ngagoyangkeun bél na téh. Sababaraha kali dicoba ngitung. Duka kumaha bet bisaen. Tapi nu pinter ngitung mah ngan hiji. Anjing laut nu hiji deui mah bodo kénéh.



Sumber: www.harianjogja.com



Bérés anjing laut, tuluy aya lutung leutik, aya biruang deuih. Lalucu kabéh ogé, tapi ari anu lucu pisan mah lumba-lumba.

Aya dua lumba-lumbana téh, jeung galedé deuih, ngareueum dina babalongan nu ngahaja meunang nyieun.

Mimitina dialungan bal gedé ku pelatihna. Ana jelebét téh bal ngacleng tarik naker ka palebah panongton. Atuh ger surak.

Lumba-lumba téh tingsiriwik ulin bal dina jero balong. Sakapeung balna diapungkeun deui ka palebah panongton. Ger deui sarurak.

Cara anjing laut tadi, lumba-lumba ogé pinter ngitung. Tapi nu hiji. Nu hiji deui mah kawasna diajar kénéh. Bor leutik nu aya tulisan $8 + 8 = \dots$ ditémbongkeun ka lumba-lumba. Kawas nu ngarti, lumba-lumba téh tuluy mencét bél ku bangusna. Cara tadi anjing laut, mimitina mah ngitungna téh salah. Lila-lila mah bener. Ari ngitungna bener mah panongton téh surak.

Aya Pa Badut, tinggalejebur kana balong, kekerelepan rék titeuleum. Tangtuna ogé pura-pura wungkul. Tapi lucu. Lumba-lumba nu dua téh gancang nyalampeurkeun, narulungan Pa Badut téa.

Aya buleudan tina beusi dibulen ku lamak, tuluy diduruk tepi ka hurung. Lumba-lumba téh piligenti ngajlengan buleudan nu hurung téa. Mani paur, inggis kaduruk, karunya! Hadéna salamet.

Nu lucu pisan mah basa lutung leutik tumpak paparahuan disurung ku lumba-lumba. Sato nu héman geuning lumba-lumba téh.

Palatih nungtun nu lalajo duaan ka sisi balong, sina dicium ku lumba-lumba. Nu saurang mah muringis kawas sieuneun. Lucu, budak téh pipina dicium ku lumba-lumba.

Sanggeus tamat pintonan, panongton surak. Tuluy baralik.

Di lawang luar, barudak sakola mah dibagi jidar hiji séwang. Jidar iklan da aya tulisanana.



Balik téh kana béca ayeuna mah da lieur. Geus beurang onghoh. Mahal bécana ogé. Pasti dimahalkeun ku tukang bécana téh. Boa disangkana mana lalajo lumba-lumba ogé loba duitna. Padahal mah teu kitu.

Resep lalajo sasatoan barisa maén téh, tapi ogé karunya. Duka ku naon

*Karangan Ani Mulyani Siswa SD Lengkong Besar Bandung
(Dicutat tina buku Ranggeuyan Malati,
terbitan Rahmat Cijulang, 1990)*



Nyusun Pertanyaan

Ayeuna urang bagi jadi dua kelompok. Saban kelompok kudu nyusun pertanyaan patali jeung carpon anu bieu dibaca atawa dibandingan. Jawabanana geus disadiakeun. Tangtu waé éta pertanyaan téh kudu aya hubunganana jeung jawaban. Éta pertanyaan anu disusun ku hidep téh badamiken heula jeung batur sakelompok, terus tuliskeun.

Kelompok 1

1. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu datang nyampeurkeun Udin téh nyaéta Asép.
2. Pertanyaan : _____
Jawaban : Sabab ngarasa reuwas tepi ka ampir ngahédén kai jati.
3. Pertanyaan : _____
Jawaban : Asép nyampeur Udin téh rék ngajak ngaliwet.
4. Pertanyaan : _____
Jawaban : Udin ngan bogaeun béas jeung céngék wungkul.



5. Pertanyaan : _____
Jawaban : Asép jeung Udin nyampeur Si Peucang jeung Si Ajat.
6. Pertanyaan : _____
Jawaban : Si Peucang téh ngaran aslina Unang.
7. Pertanyaan : _____
Jawaban : Disebut Si Peucang téh lantaran tarik lumpatna.
8. Pertanyaan : _____
Jawaban : Si Ajat ngaran aslina Ujang Sopandi.
9. Pertanyaan : _____
Jawaban : Disebut Ajat sotéh pédah jago maén bal.
10. Pertanyaan : _____
Jawaban : Ngaliwetna di kebon Aki Undang.
11. Pertanyaan : _____
Jawaban : Asép kabagian mawa suluh jeung uyah.
12. Pertanyaan : _____
Jawaban : Liwet téh diwadahan kana daun cau.
13. Pertanyaan : _____
Jawaban : Barudak téh daharna mani paronyo pisan.
14. Pertanyaan : _____
Jawaban : Barudak lalumpatan sabab aya Aki Undang.
15. Pertanyaan : _____
Jawaban : Sabab bujur kastrol téh panas.

Kelompok 2

1. Pertanyaan : _____
Jawaban : Tempatna di lapangan Tugu Bandung Lautan Api, Tegallega.
2. Pertanyaan : _____
Jawaban : Ari poé Minggu mah sok loba pisan anu lalajo.



3. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu lalajo téh aya ibu-ibu jeung bapa-bapa.
4. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu sina dadangsaan téh nyaéta anjing laut.
5. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anjing laut ngajawab ku ngagoyangkeun bél.
6. Pertanyaan : _____
Jawaban : Mimitina mah lumba-lumba téh ngajawabna salah.
7. Pertanyaan : _____
Jawaban : Panongton surak ngarasa bungah.
8. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu tinggalejebur ka balong téh Bapa Badut.
9. Pertanyaan : _____
Jawaban : Lumba-lumba nulungan Bapa Badut.
10. Pertanyaan : _____
Jawaban : Lumba-lumba ngajlengan buleudan seuneu.
11. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu tumpak paparahuan téh lutung leutik.
12. Pertanyaan : _____
Jawaban : Paparahuan disurung ku lumba-lumba.
13. Pertanyaan : _____
Jawaban : Anu dicium ku lumba-lumba téh panongton.
14. Pertanyaan : _____
Jawaban : Barudak dibagi jidar hiji séwang.
15. Pertanyaan : _____
Jawaban : Resep tapi bari karunya nempo sasatoan bisa maén téh.





D. Nyaritakeun Eusi Carpon

Yu urang nyarita!

Sanggeus bieu hidep bisa nyusun pertanyaan, tangtu hidep bakal bisa nyaritakeun eusi éta carpon. Enya, da teu hésé. Geura pék ayeuna ku hidep caritaken deui eusi éta carpon téh.

Geura urang contoan heula:

Nyaritakeun eusi carpon nu judulna “Kastrol Panas”:

Udin diajak ngaliwet ku Asép, tempatna di kebon Aki Undang. Udin jeung Asép nyampeur dua sobatna, nyaéta Unang jeung Ujang Sopandi. Udin mawa béas sakilo jeung céngék. Asép mawa suluh jeung uyah. Unang mawa asin. Ajat mawa kastrol jeung coét. Sanggeus tepi ka kebon Aki Undang, prak ngaliwet. Udin kabagian ngurus liwet. Unang meuleum asin, Ujang Sopandi nyambel, ari Si Asép ngala sayuran, kayaning bonténg, jeung saladah. Sanggeus asak, liwet diwadahan kana daun cau. Terus waé dalahar, mani ponyo. Keur kitu datang Aki Undang. Barudak lalumpatan, da sieuneun dicarékan. Kastrol panas ku Aki Undang ditajong. Aki Undang panaseun, terus ngajleng kana embel. Sanggeus Aki Undang indit, barudak nyokot liwet anu tadi ditinggalkeun.

Pék ayeuna ku hidep caritakeun eusi carpon anu judulna “Lalajo Lumba-lumba”. Carana mah turutan waé sakumaha anu bieu aya dina conto.





E. Ngapalkeun Harti Kecap

1. Ampir tarangna **bancunur**.
bancunur = melendung sabab tidagor
2. Ampir **ngahéden** kai jati.
ngahéden = tidagor
3. “Sori, sori,” ceuk Asép bari ngadeukeutan Udin.
sori = maaf
4. Teu kacatur di jalanna mah.
kacatur = kacaritakeun
5. Jeung Asép mah di masjid jeung di sakolana calakan.
calakan = pinter
6. Si Ajat mawa kastrol jeung coét.
kastrol = parabot paranti ngaliwet
7. Terus ngajleng kana embel.
embel = leutak jero di sawah
8. Sanggeus kitu mah terus dalahar bari paronyo naker.
paronyo = ngarasa ngeunah atawa ni'mat
9. Hateupna tina séng.
hateup = bagian luhur anu nutupan wangunan
10. Lumba-lumba téh tuluy mencét bél ku bangusna.
bangus = sungut sasatoan bagian hareup
11. Sato nu héman geuning lumba-lumba téh.
héman = boga rasa nyaah
12. Mani paur, inggis kaduruk, karunya!
inggis = paur atawa sieun





Nyebutan Gunana Parabot Dapur



kastrol



panci



sééng



katél



coét jeung mutu



talenan jeung péso



parud



blénder

Pék ku hidep sebutan:

Naon ari gunana kastrol, panci, sééng, katél, coét jeung mutu, talenan, parud, jeung blénder? Terangkeun sing jéntré.





Nataan Ngaran Poé

Dina carpon anu judulna “Lalajo Lumba-lumba” aya kalimah kieu:

Kuring mah lalajo téh poé Senén.

Lamun ayeuna poé Senén, kamari téh poé Ahad atawa Minggu (mundur sapoé), ari isukan poé Salasa (maju sapoé). Kamari maksudna sapoé saméméh ayeuna, ari isukan mah sapoé sanggeus ayeuna. Aya deui sesebutn séjénna, nyaéta pagéto jeung mangkukna. Pagéto nyaéta dua poé sanggeus ayeuna. Ari mangkukna mah dua poé saméméh ayeuna. Jadi lamun ayeuna poé Senén, pagéto téh poé Rebo (maju dua poé), ari mangkukna poé Saptu (mundur dua poé)

Pancén

Pék ku hidep sebutkeun.

1. Lamun ayeuna poé Jumaah, ari isukan poé naon, jeung ari kamari poé naon?
2. Lamun ayeuna poé Ahad, ari kamari poé naon, jeung ari isukan poé naon?
3. Lamun ayeuna poé Rebo, ari isukan poé naon, jeung ari kamari poé naon?
4. Lamun ayeuna poé Saptu, ari kamari poé naon, jeung ari mangkukna poé naon?
5. Lamun ayeuna poé Salasa, ari kamari poé naon, jeung ari pagéto poé naon?



6. Lamun ayeuna poé Kemis, ari isukan poé naon, jeung ari pagéto poé naon?
7. Lamun ayeuna poé Ahad, ari pagéto poé naon, jeung ari mangkukna poé naon?
8. Lamun ayeuna poé Rebo, ari mangkukna poé naon, jeung ari pagéto poé naon?





HÉMAT ÉNERGI



Urang kudu hémat, ulah sok awuntah. Hémat téh lain hartina ukur kana duit wungkul, tapi deuih di antarana hémat kana listrik. Hémat kana duit maksudna duit anu dipiboga ku urang ulah dipaké pikeun hal-hal anu teu perlu, mana komo anu matak bahaya mah. Ari hémat kana listrik maksudna ngagunakeun listrik ukur lamun keur perlu. Ari listrik téh kaasup kana énergi.

Dina pangajaran ayeuna, hidep bakal diajar ngeunaan hal-hal nu patali jeung hémat énergi.

Geura urang mimitian.



Maca Dina Jero Haté

Yu urang maca!

Pék ku hidep baca dina jero haté.

Tong Ngahambur-Hambur Listrik



Sumber: www.pedege.com

Gunana lampu téh pikeun nyaangan tempat. Upama di jero imah poék, urang kudu nyaangkeun lampu. Kitu deui di jalan atawa di gang anu poék, kudu dilampuan, da bisi matak cilaka pikeun anu ngaliwat.

Ilaharna lampu di jero imah dicaangkeunana téh peuting. Tapi lamun pangeusi imah rék sararé mah, teu kudu sakabéh lampu



sina caang, da taya gunana. Lamun urang keur ngapalkeun, lampu kudu dicaangkeun. Tapi lamun ngapalkeunana geus bérés mah, lampuna geus teu dipaké, kudu gancang dipareuman. Ulah sina terus hurung.

Pangna lampu bisa hurung lantaran aya énergi listrik. Ari anu disebut énergi éta téh aya béakna. Dina batu batré upamana, apan éta téh ngandung énergi listrik. Lamun ku urang haben dipaké, lila-lila mah énergi listrik dina batu batré téh bakal béak. Lampu anu hurungna maké listrik gé sarua waé kitu. Lamun lampu terus-terusan sina hurung, hartina énergi listrik téh terus-terusan disedot. Nya tangtu wae jadi hambur. Anu matak, lamun urang mareuman lampu, éta téh sarua jeung ngahémat listrik.

Lain lampu wungkul, da sakabéh pakakas anu ngagunakeun énergi listrik gé sarua kitu. Kompa cai, kipas angin, istrikaan, kulkas, televisi, jeung sajabana, kabéh ogé butuh énergi listrik. Éta sababna, lamun urang ngahirupkeun kipas angin, kudu dipareuman deui, mun hawa geus teu matak hareudang mah. Lamun éta kipas angin terus-terusan hurung, bari urangna geus teu butuh ku angin, hartina urang geus ngahambur-hambur listrik.

Sarua televisi ogé mun geus teu dilalajoan mah kudu gancang dipareuman. Ulah tepi ka urang terus saré, ari televisi hurung kénéh. Kitu nu sok remen kajadian, babakuna lamun lalajo acara televisi peuting-peuting. Tampolana televisi téh hurung tepi ka isuk-isuk, bari euweuh anu ngalalajoan.

Kitu deui istrikaan, lamun geus teu dipaké mah kudu gancang dipareuman. Sajaba ti hambur listrik, istrikaan anu terus hurung bisa ngabalukarkeun kahuruan. Leuheung lamun di imah keur aya jalma, bisa gancang kanyahoan. Lamun keur taya sasaha mah apan matak jadi bahaya.

Lamun di listrik di imah urang dihambur-hambur, tangtu waé anu kudu dibayar ka PLN téh jadi nambahan. Atawa pulsa listrik



jadi gancang béak. Mun geus béak téh apan kudu meuli deui. Hartina duit keur meuli pulsa listrik gé jadi hambur. Urang téh apan kudu ngahémat. Jadi ngahémat listrik téh sarua waé jeung ngahémat duit.

Anu kudu dihémat téh lain ngan ukur listrik. Cai gé sarua waé ulah dihambur-hambur. Lamun urang ngocorkeun cai tina keran, ulah terus sina ngocor, tepi ka cai téh kapiceun teu puguh. Lamun urang geus anggeus wudu atawa mandi upamana, keran téh kudu gancang ditutup deui, sangkan caina teu terus ngocor kapiceunan.



Ngajawab Pananya

Pék ku hidep pilih jawaban anu merenah.

1. Naon sababna di jalan atawa gang nu poék kudu dilampuan?
 - a. sabab lamun poék mah bisi nu ngaliwat cilaka
 - b. sabab ngahurungkeun lampu téh maké énergi
 - c. sabab lampu anu hurung mah kudu di jalan
2. Iraha kuduna urang nyaangkeun lampu di jero imah?
 - a. beurang peuting lampu kudu dihurungkeun
 - b. ti tabuh genep soré tepi ka tabuh genep isuk-isuk
 - c. peuting wungkul, tapi mun rék saré mah teu kudu kabéh sina hurung
3. Pakakas naon waé di antarana anu butuh ku énergi listrik?
 - a. istrikaan, erak sapatu, jeung kompor gas
 - b. kulkas, televisi, jeung kompa cai
 - c. blénder, komputer, jeung erak piring
4. Bakal kumaha lamun énergi listrik terus-terusan dipaké?
 - a. kakuatanana bakal terus nambahan
 - b. bakal jadi alus jeung dipikabutuh
 - c. bakal ngurangan, ahirna béak



5. Kumaha contona urang ngahémat énergi listrik téh?
 - a. lamun geus teu dilalajoan, televisi gancang pareuman
 - b. ngahurungkeun televisi kudu bareng jeung kipas angin
 - c. ulah neundeun istrikaan dina tumpukan baju
6. Naon sababna urang kudu ngahémat énergi listrik?
 - a. sabab lamun dihambur-hambur bisi terus nyetrum
 - b. sabab énergi listrik téh kudu dibeuli atawa dibayar
 - c. sabab énergi listrik téh ukur aya di PLN
7. Bakal kumaha lamun televisi terus hurung padahal euweuh nu lalajona?
 - a. bakal hambur listrik jeung televisina téréh ruksak
 - b. bakal ngagandéngan jeung ngaganggu ka nu keur saré
 - c. bakal pareum sorangan da euweuh nu lalajona
8. Naon akibatna mun istrikaan terus hurung padahal geus teu dipaké?
 - a. hawa bakal panas tepi ka karasa hareudang
 - b. moal aya akibat nanaon
 - c. bisa nimbulkeun kahuruan
9. Naon sababna ngahémat listrik téh sarua jeung ngahémat duit?
 - a. sabab lamun ngahambur-hambur listrik urang moal boga duit
 - b. sabab lamun ngagambur-hambur listrik tangtu bakal hambur duit
 - c. sabab listrik mah teu apaleun kana duit
10. Kumaha contona mun urang ngahémat cai?
 - a. lamun mandi cukup asal baseuh awak
 - b. lamun urang mandi kudu bari huhujan
 - c. cai ukur dipaké saperluna ulah dipiceunan





C. Ngajéntrékeun Tatacara Rikrik Gemi

Ayeuna urang bagi jadi opat kelompok. Saban kelompok kudu ngabahas jeung ngajéntrékeun tatacara rikrik gemi. Lamun cara-cara ngahémat geus dibahas jeung batur sakelompok, engké kudu dijéntrékeun di hareupeun batur sakelas.

Kelompok 1

1. Naon waé cara-cara nu bisa dipigawé mun urang rék ngahémat listrik?
2. Kumaha akibatna mun urang ngahambur-hambur listrik?

Kelompok 2

1. Naon waé cara-cara nu bisa dipigawé mun urang rék ngahémat pulsa telepon?
2. Kumaha akibatna mun urang ngahambur-hambur pulsa telepon?

Kelompok 3

1. Naon waé cara-cara nu bisa dipigawé mun urang rék ngahémat cai?
2. Kumaha akibatna mun urang ngahambur-hambur cai?

Kelompok 4

1. Naon waé cara-cara nu bisa dipigawé mun urang rék ngahémat gas?
2. Kumaha akibatna mun urang ngahambur-hambur gas?





D. Ngapalkeun Kecap Sabalikna

Kalimah di handap téh meunang nyutat tina bacaan. Aya sawatara kecap anu bisa ditéangan sabalikna. Upamana waé sabalikna *poék* téh *caang*. Pék ku hidep titénan. Tah engké dina bagian saterusna aya latihan anu kudu dipigawé.

1. Kitu deui di jalan atawa di gang anu ***poék***.
poék >< caang
Ari ngapalkeun mah kudu di tempat anu ***caang*** atuh.
2. Lampu ulah sina terus ***hurung*** ari geus teu dipaké mah.
hurung >< pareum
Kompór téh terus ***pareum***, sabab gasna béak.
3. Lampu anu hurungna maké listrik gé ***sarua*** waé kitu.
sarua >< béda
Nya ***béda*** atuh ari bohlam jeung néon mah.
4. Nya tangtu wae jadi ***hambur***.
hambur >< hémat atawa irit
Urang kudu ***rikrik*** kana duit ku cara nabung.
5. Gunana kipas angin sangkan teu ***hareudang***.
hareudang >< tiris
Di Lembang mah hawana ***tiis***, teu kawas di Karawang.
6. Tangtu waé anu kudu dibayar ka PLN téh jadi ***nambahan***.
nambahan >< ngurangan
Pantes pulsana ***ngurangan***, apan bieu HP téh dipaké nelepon.
7. Kitu nu sok ***remen*** kajadian, lamun lalajo acara televisi peuting-peuting.
remen >< langka
Ayeuna mah geus ***langka*** anu sok maké kompor minyak tanah téh.
8. Atawa pulsa listrik jadi ***gancang*** béak.
gancang >< lila
Ulah ***lila*** indit ka pasar téh, di imah euweuh sasaha.





E. Ngalarapkeun Ku Kecap Sabalikna

Kalimah anu aya di handap, pék eusian ku kecap sabalikna.

1. Tong hayang nu **mahal** meuli sapatu téh. Geus waé nu _____ asal pantes dipakéna.
2. Ditempo keur di **luhur** mah kapal terbang téh jiga leutik. Tapi ari geus di _____ mah geuning gedé, nya.
3. Mani capé ngaboséh sapédah di jalan nu **nanjak** mah. Teu kawas di jalan anu _____ mani hampang.
4. Tah, nu ieu mah kamar téh **lega**, bisa asup tempat tidur jeung lomari. Ari kamar nu di tukang mah _____.
5. Sanggeus diberesihan jeung disemprot ku parfum mah, kamar mandi anu tadina **bau** téh ayeuna jadi _____.
6. Ari sugan geus **garing** sapatu téh, boro rék dipaké olahraga. Geuning ieu mah _____ kénéh, Jang.
7. Urang kudu **inget** kana jasa batur sanajan sakumaha leutikna ogé, peupeujeuh ulah tepi ka _____.
8. Ulah **kandel** teuing ngeureutan témpé nu rék digoréng téh, mending sing _____ waé ngarah téréh asak.
9. Ulah waka dipeuncit ayeuna hayam nu ieu mah, sabab **begang**. Mending nu jago geura, ngarah _____.
10. Teu kabeneran meuli kadu téh **atah** kénéh, ari sugan geus _____, da warna kulitna geus konéng.



F. Nembangkeun Pupuh

Yu urang nembangkeun pupuh!

Sikep hémat téh bisa ditulisna maké pupuh. Tangtu waé ari pupuh mah bisa ditembangkeun. Waktu keur di kelas hiji jeung kelas dua, hidep geus diajar nembangkeun pupuh. Ayeuna anu rék diajarkeun téh pupuh balakbak. Pék ku hidep bandungan heula, ieu pupuh ku Ibu/Bapa Guru badé ditembangkeun. Geus kitu terus ku hidep turutan sing tepi ka bisana.



*Kadé urang kudu hémat kana listrik – teu hésé
Lampu hurung saperluna sabutuhna – dipaké
Mun geus bérés, mun geus bérés ulah haben sina caang –
rék saré*

*Ngahurungkeun televisi ulah asal – ngajetrék
Pék pilihan acarana nu aralus – jeung ramé
Ulah poho, ulah poho televisi pék pareuman – mangkadé*

*Nga-és-ém-és jeung nelepon babaturan – ku hapé
Lamun lila henteu singget hambur pulsa – kacocéng
Béak pulsa, béak pulsa nelepon wayahna eureun – barabé*



Metakeun Paguneman

Paguneman 1

(Ridwan nyampeur Firdaus, rék diajak latihan pingpong.)

Ridwan : Hayu urang latihan pingpong téa!

Firdaus : Dagoan heula sakeudeung nya, ieu keur nungguan kompa cai.

Ridwan : (bari seuri) Naha maké ditungguan, da kompa cai mah moal ngider ieu.

Firdaus : Yéh, ditungguan sotéh apan keur dihurungkeun. Lamun bak di kamar mandi geus pinuh, rék gancang dipareuman deui.


Ridwan : Enya, bener. Kudu ditungguan kétang. Urang téh ulah ngahambur-hambur listrik.

Firdaus : Jeung deuih lebar wé mun bakna geus pinuh ari caina terus-terusan ngocor tina kompa mah.



(Hérmina nyampeurkeun ka Ridwan jeung Firdaus.)

Hérmina: Tah geuning araya kénéh di dieu. Hayu atuh bareng inditna, apan Ridwan jeung Firdaus gé rék latihan pingpong.



Firdaus : Engké dagoan sakeudeung. Sapuluh menit deui wé.

Ridwan : Naha ayeuna Hermina teu dianteurkeun kana motor?

Hérmina: Ah, leumpang wé, da teu rusuh ieu.

Ridwan : Enya, kana motor mah apan kudu maké BBM. Ari leumpang mah apan ngirit BBM.

Firdaus : Tuh, nya. Keur usum ayeuna mah ngirit téh.

Hérmina: Lain usum, da salilana gé kudu ngirit.

Ridwan : Karék bieu dicaritakeun, Firdaus gé keur nungguan kompa cai. Lamun bakna geus pinuh rék gancang dipareuman.

Firdaus : Ngirit listrik apanan. Mun kompa geus teu perlu dihurungkeun, nya kudu gancang dipareuman atuh.

Hérmina: Apan kitu saur Pa Guru gé. Urang kudu bisa ngahémat énergi.



Paguneman 2

Ibu : Pareuman atuh lampu téh, Yani, pan tos siang ieu téh.

Mulyani : Badé ieu gé, Bu.

Apa : Enya, ulah jiga tadi wengi. Televisi sina hurung bari taya nu nongtonna.

Mulyani : Da sanés abdi anu ngahurungkeunana gé, tapi Dé Irman.

Apa : Wios nu ngahurungkeunana mah saha waé gé. Ngan mun geus teu aya nongton, énggal pareuman televisi téh.

Ibu : Ku saha atuh dipareumanana tadi wengi téh?

Apa : Nya ku Apa.

Ibu : Ah, Yani gé da sok hilapan. Geuning ti basa éta, istrikaan teu dipareuman.



Mulyani : Abdina rusuh tuda, Bu.

Apa : Masing rusuh gé ulah tepi ka hilap atuh, Yani. Apan hambur listrik mun istrikaan sina hurung bari geus teu dianggo mah.

Ibu : Jaba deuih bisi kahuruan.

Mulyani : Muhun atuh engké mah moal hilap, Bu.

Apa : Jadi peupeujeuh, listrik téh kedah diirit.

Mulyani : Muhun, Pa. Di sakola gé Ibu Guru nerangkeun kitu.

Ibu : Tuh komo mun tos diwartosan ku Ibu Guru mah.

Mulyani : Dé Irman tah nu kedah diwartosan téh. Ari di kamar mandi gé, keran téh tara diutup deui.

Apa : Wartosan atuh ku Yani.

Mulyani : Tos diwartosan éta gé, tapi dasar Dé Irman. Ku Apa geura wartosnana.

Apa : Muhun, keun urang wartosan.





HORMAT KA KOLOT JEUNG NGAJÉN SASAMA





Maca dina Jero Haté

Sajaba ti anu nyaritakeun sasatoan, aya deuih dongéng anu nyaritakeun kahirupan jalma sapopoé. Geura pék ayeuna ku hidep baca dina jero haté dongéng anu kawas kitu. Ieu dongéng téh nyaritakeun kanyaah kolot ka barudakna. Ari anu disebut nyaah téh lain hartina ngogo.

Sok geura baca sing tepi ka enya-nya kaharti eusina.

Dongéng 1

Emas Warisan Bapa



Saméméh maot, Bapa Dulmanan téh nyarita ka barudakna, “Ujang, Nyai, ayeuna Bapa rék nyarita ka hidep tiluan. Bapa téh boga emas, dikubur di tukangeun imah. Tah engké mah pék ku hidep tiluan éta emas téh kali, keur bekel hirup hidep.”



Ngan sakitu amanatna téh. Bapa Dulmanan henteu nerangkeun, éta emas téh dikuburna di lebah mana. Anu matak barudakna téh bingungeun, sabab lahan anu aya di tukangheun imahna téh lega.

Gancangna carita, éta budak nu tilu téh naréangan emas anu dicaritakeun ku bapana. Mimitina anu taneuh anu dikali téh anu adek ka imah. Tapi sakitu geus dikali aya kana tilu poéna ogé emas anu dikubur téh teu kapanggih.

“Ayeuna urang rék kumaha?” ceuk budak anu cikal, ngaran Salhiam.

“Urang teruskeun wé, da geus kagok,” omong budak nu panengah, ngaran Salhapi.

Deker deui digarawé. Taneuh anu dipacul téh dilegaan, tepi ka meunang satengahna tina legana lahan. Tapi angger waé emas nu dicaritakeun ku bapana téh teu kapanggih.

“Capé geuning, urang tiluan geus rék saminggu ngali taneuh téh, tapi emas anu ditéangan ku urang angger teu kapanggih,” omong Salhiam.

“Enya, Kang. Tapi da urang geus kagok digawé, urang teruskeun wé,” témbal budak nu bungsu, awéwé, ngaran Salwati.

Maculan taneuh diteruskeun, dipapay taya nu kaliwat. Lahan anu aya di tukangeun imah téh geus dikali, tapi angger waé emas téh teu kapanggih. Tungtungna mah eureun wé maranéhna téh, da lahan anu rék dikalina geus béak. Katambah-tambah geus mimiti cur hujan.

“Ah, euweuh geuning emas téh,” ceuk Salhapi.

“Enya. Jigana ngabohong Bapa téh, da geuning buktina sakitu geus ditéangan aya kana dua mingguna gé, éta emas téh teu kapanggih,” omong Salhiam.

“Ah, asa piraku Bapa tepi ka bohong,” ceuk Salwati.



“Tapi geuning buktina emas téh teu kapanggih. Mana kitu gé Bapa téh ngabobodo,” omong Salhapi.

Salwati henteu ngomong. Manéhna teu percaya mun bapana tepi ka ngabohong. Tapi dina kabuktianana emas anu dicaritakeun ku bapana téh euweuh geuning.

“Geus wé Akang mah rék ka kota, rék nyiar pagawéan,” ceuk Salhiam.

“Enya, asa mending nyiar gawé ka kota,” ceuk Salhapi.

“Abdi mah moal indit ti dieu, Kang,” ceuk Salwati.

“Naha? Rék terus néangan emas anu dicaritakeun ku Bapa?” Salhapi nanya.

“Ah, moal. Abdi mah moal terus néangan emas,” témbal Salwati.

“Ari enggeus rék naon cicing di dieu gé?” ceuk Salhiam.

“Lebar ku lahan anu meunang maculan, jaba ayeuna geus mimiti usum hujan. Éta lahan téh ku abdi rék dipelakan,” témbal Salwati.

Sanggeus si bungsu nyarita kitu, karék kapikir ku Salhiam jeung ku Salhapi, asa leuwih hadé lamun lahan anu meunang maculan téh dipaké melak tatangkalan. Anu matak maranéhna teu tulus indit ka kota.

Gancangna carita, lahan di tukangeun imah téh terus waé dipelakan jagong. Bubuhan tanahna geus meunang maculan, jaba deuih geus datang usum hujan, jagong anu dipelak di dinya téh jadina mani alus. Téréh gedé jeung téréh buahan, mani galedé.

Teu lila ti harita, jagong meunang melak maranéhna geus bisa dipanén. Hasilna mani loba, tepi ka ahirna mah sawaréh dijual ka pasar. Maranéhna meunang duit tina ngajual jagong.

“Enya baé Bapa téh teu bohong,” ceuk Salhiam.

“Horéng emas anu dicaritakeun ku Bapa téh maksudna urang kudu daék digawé heula ngolah lahan, sabab engkéna bakal ngahasilkeun,” omong Salhapi.



Salwati mah teu ngomong, ngan ukur seuri tanda bungah.

Sanggeus kabuktian kitu mah éta tilu sadulur téh tambah hormat ka bapana, sok sanajan ngan kari ngaranna. Omongan bapana tétéla bener, sarta bisa dibuktikeun yén dina lahan tukangeun imah téh bisa ngahasilkeun harta banda. Ari harta banda apan éta téh sarua jeung emas.



Nyusun Kalimah

Yu urang nyusun kalimah!

Kumaha kaharti eusi dongéng anu bieu dibaca dina jero haté téh? Tangtuna gé kaharti, da babari katangkepna.

Pék ayeuna ku hidep susun kecap-kecap nu aya di handap tepi ka jadi kalimah. Éta kalimah téh patali jeung eusi dongéng nu bieu ku hidep dibaca.

1. emas – keur – ngawaris – dikubur – di tukangeun – bapa – imah – maranéh
Bapa ngawaris emas keur _____
_____.
2. di lebah – henteu – mana – éta – diterangkeun – dikuburna – téh – ari – emas
Henteu diterangkeun ari éta _____
_____.
3. ku bapana – sadudulur – Salhiam – emas – néangan – anu – dicaritakeun
Salhiam sadudulur néangan _____
_____.
4. kapanggih – sakitu – dua minggu – geus – téh – ogé – henteu – waé – emas
Sakitu geus dua minggu ogé _____
_____.



5. percayaeun – Salwati – bapana – mun – ngabohong – tepi
ka – henteu – mah
Salwati mah henteu percayaeun _____
_____.
6. Salhapi – pagawéan – indit – nyiar – ka kota – rék – Salhiam
– jeung – pikeun
Salhiam jeung Salhapi rék _____
_____.
7. maculan – lebar ku – sabab – indit – Salwati – meunang –
moal – mah – lahan
Salwati mah moal indit sabab _____
_____.
8. jagong – dipelakan – ku tiluan – ahirna – téh – maculan –
meunang – lahan
Lahan meunang maculan téh _____
_____.
9. hasil – jagong – panén – ka pasar – dijual – lobana –
sawaréh – anu – sakitu
Jagong hasil panén anu sakitu _____
_____.
10. yén – bener – téh – ahirna – omongan – ngaenyakeun –
bapana – maranéhna
Ahirna maranéhna ngaenyakeun _____
_____.



C.1 Maca Bedas

Yu urang maca bedas!

Ngajénan atawa ngahargaan ka sasama téh wajib. Anu dimaksud sasama di dieu téh teu salawasna manusa, tapi sakur mahluk damelan Gusti Alloh. Antara mahluk jeung mahluk kudu silih ajénan.




Geura dina dongéng di handap digambarkeun ngeunaan ngajénan sasama. Lamun urang teu ngajénan nu lian, éta téh pagawéan goréng, sarta teu mustahil urang bakal cilaka.

Éta dongéng téh pék baca bedaskeun, bandungan ku anu séjén.

Dongéng 1

Gajah Éléh ku Sireum



Aya gajah matuhna di leuweung. Manéhna ngarasa jadi sato panggedéna. Sikepna sok asa aing, tara ngajénan ka sasatoan séjén, pangpangna ka sato leutik. Mun gajah ngaliwat ka hiji tempat, tara noli kana tincakeun. Sagala didupak, sagala diidek.

Tah, anu mindeng ngarasa dikakaya téh sireum. Teuing geus sabaraha kali sayangna ancur katincak gajah. Atuh sireum téh loba nu paéh.

Pamingpin sireum geus remen nyarita ka gajah. Lamun rék ngaliwat téh kudu nempo heula tincakeun, ulah sangeunahna. Tapi gajah téh teu ngadéngé kana omongan sireum. Pilakadar



sato leutik, naha kahayangna maké kudu diturut, ceuk gajah dina jero haténa.

Gajah teu ngarobah kalakuanana. Mun ngaliwat ka lebah sayang sireum, angger sok sangeunahna waé. Geblig, geblig leumpang bari dangah. Sayang sireum katincak. Sireum buriak lalumpatan. Nempo kitu téh, gajah ngarasa atoh.

Atuh sireum téh beuki kareuheuleun. Terus waé badami rék nyieun rencana pikeun males ka gajah. Sireum anu jumlahna loba téh nyieun lombang. Ari ku dikeureuyeuh mah ahirna mah anggeus éta lombang téh. Ukuranana cukup keur awak gajah.

Sanggeus bérés, terus ditutupan ku régang jeung dangdaunan, tepi ka teu katempo yén saenyana mah éta téh lombang. Sireum ngarintip di sabudeureun lombang, bari ngadagoan gajah ngaliwat ka lebah dinya.

Anu didago-dago datang. Sakumaha sasari, gajah ngaliwat ka dinya. Angger leumpangna téh teu nempo tincakeun.

Waktu tepi ka luhureun lombang, ngan gebros waé gajah téh tiporos, terus tibeubeut kana jero lombang. Manéhna hésé rék hanjat, da puguh lombang téh jero. Komo deui sanggeus sireum napuk. Awak gajah dicocoan sireum anu jumlahna rébuan. Malah aya anu asup kana panon, ceuli, jeung irung gajah.

Gajah ampun-ampunan. Ti harita gajah téh ngaku éléh. Manéhna sadar yén kalakuanana mindeng ngarugikeun batur. Najan sireum téh ukur sato leutik, tapi lamun geus ngahiji mah geuning mampuh ngalawan. Lamun geus ngahiji, sato leutik bisaun ngéléhkeun sato gedé.



D. Ngajawab Pananya

1. Kumaha sikep gajah pédah ngarasa jadi sato panggedéna téh?
2. Naon sababna sireum ngarasa mindeng dikakaya ku gajah?



3. Sanggeus diomongan ku pamingpin sireum, naha gajah ngagugu?
4. Kumaha badamina sireum pikeun males ka gajah téh?
5. Naon sababna lubang téh ditutupan ku régang jeung dangdaunan?
6. Kumaha gajah téh barang ngaliwat ka luhureun lubang?
7. Sanggeus gajah asup kana lubang, terus dikumahakeun ku sireum?
8. Naon sababna gajah terus ampun-ampunan jeung ngaku éléh?
9. Ti harita, kumaha sikep gajah téh lamun inget kana kalakuanana?
10. Ceuk pamanggih hidep, naon mangpaatna hirup ngahiji?



E. Ngabandungan Pedaran jeung Conto Dongéng **(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)**

Dongéng téh rupa-rupa. Dongéng sasatoan di Sunda lolobana dilalakonkeun ku kuya jeung monyét. Disebutna téh Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét. Aya dongéng anu nyaritakeun ngala cabé, ngala cau, jeung sajabana. Salian ti éta, aya deuih dongéng anu palakuna Sakadang Peucang.

Ari anu palakuna jelema nyaéta dongéng Si Kabayan. Hidep gé tangtu geus kungsi ngadéngé, nya? Dina dongéng Si Kabayan mah lolobana eusina pikaseurieun. Aya dongéng anu nyaritakeun Si Kabayan ngala tutut, ngala nangka, jeung sajabana.

Tujuan urang ngadéngékeun atawa maca dongéng téh pikeun hiburan. Sajaba ti éta, dina dongéng téh sok aya conto anu kudu ditiru, jeung conto anu kudu dijauhan.

Aridina dongéng “Emas Warisan Bapa” diébréhkeun kanyaah kolot ka barudakna. Kolot anu nyaah ka budakna lain hartina



kudu ngogo, tapi kudu ngadidik sangkan bisa hirup sorangan atawa hirup mandiri. Bapa Dulmanan ngadidik barudakna sangkan daék digawé. Tadina mah barudakna nyangka yén Bapa Dulmanan ngawariskeun emas. Padahal anu dimaksud emas dina éta dongéng téh kakayaan atawa harta banda hasil tina digawé. Anu dimaksud digawé dina éta dongéng nyaéta ngolah lahan, terus dipelakan ku tatangkalan anu bisa ngahasilkeun. Lamun teu digawé, éta harta banda téh moal aya.

Ari dina dongéng “Gajah Éléh ku Sireum” némbongkeun yén jeung papada mahluk kudu silih hargaan. Lamun henteu ngahargaan ka batur, engkéna sok meunang wawales. Contona gajah anu sombong sabab ngarasa jadi sato panggedéna. Gajah henteu ngahargaan ka sireum, da ceuk panyangkana ukur sato leutik. Tapi najan enya gé leutik, lamun geus ngahiji mah sireum téh jadi boga kakuatan, tepi ka bisa ngéléhkeun gajah.

Ayeuna urang baca dongéng séjénna. Sarua ieu gé ngalalakonkeun jelema, ngan eusina pikaseurieun.


Lamun keur dibaca, pék ku hidep bandungan.

Mang Juhéb Dagang Kopéah

Mang Juhéb téh tukang dagang kopéah. Dagangna sok ditanggung, ngider mapay-mapay lembur. Mun keur usum panén atawa geus deukeut ka lebaran, dagangna sok laku pisan. Tapi lamun keur usum paceklik atawa jauh kénéh ka lebaran mah, daganganana téh teu pati payu.

Hiji poé, isuk-isuk kénéh, Mang Juhéb geus ngider. Ngan ku sabab keur usum paceklik, sakitu ngiderna geus jauh ogé, tepi ka tengah poé téh daganganana tacan payu hiji-hiji acan.





Mang Juhéb ngarasa capé. Biasana mah manéhna sok reureuh di warung bari ngopi. Tapi harita mah henteu nyimpang ka warung, sabab tacan beubeunangan. Mang Juhéb teu bogaeun pisan duit.

Sanggeus ngaliwat ka hiji lembur, bakat ku lungsé jeung teu kuat ku panas, Mang Juhéb eureun di handapeun tangkal kiara. Tanggungan diécagkeun, terus manéhna diuk ngalungsar, nyarandé kana tangkal kiara. Angin ngahiliwir, tepi ka ahirna Mang Juhéb nundutan, malah reup waé kasaréan.

Waktu Mang Juhéb nyaring, pohara kagéteunana, nempo kopéah daganganana taya hiji-hiji acan, iwal anu dipaké ku manéhna wungkul. Ceuk sangkaanana, tangtu aya nu maok. Tapi anéh, tanggunganana mah henteu dibawa.

Ari rét ka luhur, katempo puluh-puluh monyét tinggalacang jeung tingjéréwét dina dahan, kabéh maraké ... kopéah. Jigana mah waktu Mang Juhéb kasaréan, monyét téh tarurun nyarokotan kopéah hiji séwang, terus diparaké.

Mang Juhéb pohara ambekna. Manéhna popolotot bari nyarékan, tapi monyét anu caricing dina luhur tangkal téh kalah ngaléléwéan bari tingrarenyoh. Ku Mang Juhéb dipeureupan.



Monyét téh malik deui mareureupan. Dicobaan disingsieunan ku rancatan, monyét kalah ngabaregégan. Dibalédog ku batu, kalah males malédog ku buah kiara.

Mang Juhéb ngarasa keuheul kacida, tapi teu bisa kukumaha, da puguh monyét téh caricingna di luhur. Tungtungna mah ceg Mang Juhéb kana kopéah anu dipaké ku manéhna, terus dibantingkeun kana taneuh, bakat ku ngarasa pusing. Anu dipigawé ku Mang Juhéb ditarurutan ku monyét. Enya, sakur monyét téh sarua ngalaan kopéah anu keur dipakéna, terus dibantingkeun ka handap. Atuh mani murubut hujan kopéah.

Kopéah anu marurag téh gancang ku Mang Juhéb dipulungan, terus diasup-asupkeun deui kana tanggungan. Monyét téh euweuh nu wanieun turun, da Mang Juhéb mulungan kopéah téh bari ngacung-ngacung rancatan.

Sanggeus kopéahna kapimilik deui kabéh, buru-buru Mang Juhéb indit ti dinya.



F. Ngalengkepan Kalimah

Kalimah anu aya di handap pék ku hidep lengkepan. Carana mah hidep ngan kari milih tina jawaban anu geus disadiakeun.

1. Sasatoan anu mindeng ngalalakon dina dongéng Sunda nyaéta _____.
 - a. kuya jeung monyét
 - b. sapi jeung munding
 - c. peucang jeung maung
2. Eusi dongéng Si Kabayan téh lolobana nyaritakeun anu _____.
 - a. pikasediheun
 - b. pikaseurieun
 - c. pikabungaheun



3. Sajaba ti pikeun hiburan, dina dongéng téh ngandung _____.
- piduiteun
 - pibatureun
 - picontoeun
4. Dina dongéng “Emas Warisan Bapa” ngébréhkeun yen urang _____.
- kudu néangan emas
 - kudu daék digawé
 - mahluk mulya
5. Dina dongéng Mang Juhéb dicaritakeun yén manéhna téh _____.
- tukang ngala monyét
 - tukang dagang kopéah
 - tukang ngider ka lembur
6. Mang Juhéb dagangna teu payu, sabab harita téh _____.
- keur usum paceklik
 - téréh lebaran
 - loba monyet
7. Mang Juhéb kasaréan di handapeun tangkal kiara, sabab _____.
- ngarasa lungsé
 - jauh ka warung
 - geus burit
8. Waktu hudang Mang Juhéb ngarasa kagét sabab _____.
- diriung ku monyét
 - daganganana euweuh
 - aya bangsat
9. Kopéah dagangan Mang Juhéb téh singhoréng _____.
- aya nu maok
 - aya nu nyumputkeun
 - diparaké ku monyét



10. Bakat ku keuheul, ahirna Mang Juhéb ngabantingkeun

-
- a. kopéah nu dipakéna
 - b. tanggungan
 - c. rancatan



Migawé Pancén

Yu urang migawé pancén!

Ayeuna hidep kudu néangan dongéng séjén. Hidep bisa néangan tina buku atawa tina majalah. Atawa bisa waé hidep nanyakeun ka indung, ka bapa, ka lanceuk, atawa ka saha waé anu sakirana bisaeun ngadongéng. Hidep kudu ménta dipangdongéngkeun. Pék bandungan, atawa catetkeun. Tah engké di sakola, éta dongéng téh ku hidep kudu didongéngkeun deui di hareupeun batur sakelas.

Dongéngna mah bébas, rék dongéng naon waé gé meunang. Tapi alusna mah téangan dongéng anu nyaritakeun sasatoan. Upamana waé dongéng Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét, atawa dongéng Sakadang Peucang.





MIARA LINGKUNGAN



Pangajaran ayeuna urang medar ngeunaan miara lingkungan. Hal ieu téh penting pisan pikeun urang, sabab lamun lingkungan teu dipiara, urang sorangan anu bakal rugi.

Pangajaran miara lingkungan ayeuna aya anu ditepikeun dina wangun sajak. Pék geura ku hidep baca. Saterusna hidep bakal diajar ngarang sajak.

Hayu urang mimitian.



Maca Éndah

Yu urang maca!

Ieu sajak, pék ku hidep baca. Sing jéntré jeung sing alus lentongna.

Sajak 1



Sumber: ihsankusasi.wordpress.com

*Gemah ripah Tatar Sunda
boa ngan tinggal carita
kiwari ruksak alamna
ku sabab pamolah jalma*



*Kaéndahan pamandangan
walungan hérang ngagenyas
ayeuna kari kenangan
ukur nyésakeun kawaas*

*Tuh tempo gunung ngajegir
geus robah jadi bulistir
tatangkalan dituaran
satona gé dialaan*

*Kawajiban urang kabéh
ngamumulé Tatar Sunda
peupeujeuh ulah talobéh
pikadeudeuh salawasna*

Sajak 2

Usum Panén

*Sawah di tutugan gunung
paréna mimiti konéng
téréh cunduk usum panén
patani moal kaduhung*

*Barudak di saung ranggon
ngagebah manuk nu datang
piit goléjra jeung bondol
bisi paré dipacokan*

Sumber: ronggolawe.com



Sieuh, sieuh
manuk ulah rék nyampeurkeun
hoyah, hoyah
manuk ka ditu nyaringkah

Usum panén matak bungah
patani geus capé gawé
sawah ngahasilkeun paré
ucapkeun alhamdulillah



B. Ngajawab Pananya

Sajak 1

1. Naon sababna Tatar Sunda anu gemah ripah ayeuna geus robah?
2. Saha anu boga gawéna tepi ka kaayaan Tatar Sunda téh jadi kitu?
3. Geus robah jadi kumaha walungan anu asalna caina hérang téh?
4. Naon atuh nu nyésa tina éndahna pamandangan alam téh?
5. Naon sababna gunung téh ayeuna mah jadi loba nu bulistir?
6. Kawajiban saha ngamumulé Tatar Sunda téh?
7. Tepi ka iraha urang kudu mikanyaah Tatar Sunda téh?
8. Kumaha ari kaayaan lingkungan di sabudeureun hidep cicing?

Sajak 2

1. Kumaha kaayaan sawah di tutugan gunung téh?
2. Naon sababna patani moal ngarasa kaduhung?
3. Ari barudak di saung ranggon téh keur naraon?



4. Naon sababna manuk maké diusir sina nyaringkah?
5. Manuk naon waé anu sok daratang ka sawah téh?
6. Naon hasilna ladang késang capé gawé patani téh?
7. Kudu ngucapkeun naon ku ayana hal éta téh?
8. Ari di sabudeureun hidep cicing aya sawah? Pék caritakeun.



C.1 Ngabandungan Pedaran Miara Lingkungan

Alam téh damelan Gusti Alloh, pikeun dieusian sakabéh mahluk. Ari manusa éta téh mahluk anu pangmulyana. Éta pangna miara alam téh ditugaskeun ka manusa. Sasatoan mah apan teu dibéré tugas miara alam. Sasatoan mah ukur ngamangpaatkeun alam.

Najan geus dibéré tugas miara alam, tapi teu kurang manusa anu sok ngaruksak alam gé. Tangtu waé éta téh pagawéan anu salah kacida. Ayeuna kaayaan alam geus loba nu ruksak.

Geura pék ku hidep bandungan, ayeuna urang baca ngeunaan ruksakna alam.

Yu urang maca!

Leuweung Sancang Ruksak Parna

Leuweung Sancang téh ayana di pakidulan Kabupatén Garut, legana aya 2.167 héktar. Di dinya loba tatangkalan, kaasup anu geus langka, di antarana tangkal kaboa jeung maranti beureum. Loba sasatoan deuih, da maung jeung banténg gé masih kénéh aya. Geus puguh ari sasatoan leuweung séjénna mah, kayaning mencek, bagong, peusing, landak, rupa-rupa manuk, jeung rupa-rupa oray.





Sumber: alamsancang.wordpress.com

Éta leuweung teu meunang diganggu, sabab geus jadi cagar alam. Tatangkalan nu aya di dinya teu meunang dituaran. Sasatoanana teu meunang diala. Tepi ka taun 1980-an mah, banténg di Leuweung Sancang téh masih kénéh loba. Kitu deui maung anu buluna belang, atawa sok disebut maung lodaya.

Hanjakal ayeuna mah geus teu kitu. Leuweung Sancang geus ruksak ku kalakuan manusa. Geus lega deuih anu ruksakna ogé, leuwih ti satengahna. Tangkal kai nu aya di dinya ditaluaran, sasatoanana diarala. Henteu ngan sato anu hirupna di darat wungkul, kaasup deuih lauk hias anu sapanjang Basisir Sancang, jeung anu aya di Walungan Cipangisikan. Tambah parnana karuksakan di basisir jeung walungan téh sabab anu ngarala lauk sok ngagunakeun portas atawa bidamit. Enya, apan ari portas téh racun. Kitu deui bidamit, apan matak ngabahayakeun ka lingkungan.

Padahal mangpaat Leuweung Sancang téh lain ngan ukur keur masarakat di sabudeureuna wungkul, tapi pikeun masarakat Indonésia. Ari gunana leuweung téh apan pikeun paru-paru bumi. Maksudna pikeun meresihan hawa kotor. Sajaba ti éta, leuweung



téh pikeun seserepan cai hujan. Lamun leuweung diganggu, cai hujan téh geus moal bisa deui nyerep kana taneuh, tapi langsung palid ka walungan, anu ahirna nimbulkeun caah. Dina keur usum halodo, sumber cai langsung saraat, da geus euweuh seserepan. Kitu deui lamun leuweung diganggu ngabalukarkeun hawa kotor taya nu ngarobah jadi hawa beresih. Padahal urang butuh pisan ku hawa beresih.

Kitu tah kaayaan di Leuweung Sancang téh. Leuweung séjénna ogé loba anu kaayaanana geus ruksak.

Anu kaasup ngaruksak alam téh misalna waé tatangkalan di leuweung jeung di gunung dituaran, cai walungan jadi kotor ku sabab polusi, kitu deui hawa anu saban waktu diseuseup ku urang. Entong jauh-jauh atuh, di lingkungan sabudeureun urang gé geus loba nu ruksak. Ruksakna lingkungan alam di sabudeureun téh sakapeung mah teu karasa. Atawa sakapeung dilantarankeun ku pagawéan anu dianggap teu pira, upamana miceun runtah lain dina tempatna.

Lamun urang henteu miceun runtah sangeunahna, éta téh urang geus kaasup anu milu miara alam. Miceun runtah sangeunahna téh upamana ka solokan, ditambruken di sisi jalan, atawa di tempat séjénna anu lain tempat runtah.

Runtah anu pangngaruksakna kana lingkungan nyaéta runtah plastik. Ari sababna plastik téh teu bisa ancur. Béda jeung runtah dangdaunan, lila-lila mah sok buruk, terus ancur. Tah plastik mah teu kitu.

Conto runtah plastik anu remen kapanggih upamana waé urut wadah cai inuman, anu ilaharna sok disebut cai mineral.

Meureun hidep nanya, naha bet aya anu nyieun tarékah miara alam? Nya tangtuna gé aya, malah bisa jadi loba. Ngan nya kitu, aya anu miara, jeung aya anu ngaruksak. Geura ieu contona Abah Zén anu sapopoéna nyieun tarékah miara alam. Disebutna ogé Abah Zén téh pahlawan lingkungan.



Lauk Kancra di Darmaloka



Sumber: thearoengbinangproject.com

Bapa Jaénudin téh anu ngurus obyék wisata Darmaloka, Kacamatan Darma, Kabupatén Kuningan. Sapopoéna cukup ku disebut Abah Zén, umurna 82 taun. Ku masarakat di sabudeurna mah Abah Zén téh sok disebut kuncén.

Abah Zén jadi kuncén di dinya teh geus 35 taun, ngaganti tugas bapana anu geus maot. Ari tugas sapopoéna nyaéta ngaladénan wisatawan anu daratang ka Darmaloka. Legana éta obyék wisata téh kurang leuwih tilu héktar. Di dinya aya sumber cai anu ngaburial tina jero taneuh. Henteu langsung dikocorkeun éta cai téh, tapi ditampung di balong anu legana 700 méter pasagi. Caina mani hérang ngagenyas, sabab karék kaluar tina sumberna. Najan usum halodo ogé cai anu kaluar tina sumberna téh tara kungsi saat. Ti éta balong, cai téh terus dikocorkeun pikeun pangabutuh masarakat. Henteu ngan ukur keur pangabutuh di rumah tangga waé, tapi deuih pikeun nyaian sawah.

Di éta balong loba lauk kancra. Éta lauk teu meunang pisan diganggu, komo mun tepi ka diala mah. Aya sajarahna pangna



lauk di éta balong teu meunang diganggu. Jaman baheula di dinya téh jadi puseur nyebarna agama Islam. Ari anu nyebarkeunana nyaéta Syéh Maulana Akbar. Tah, balong anu aya di Darmaloka téh baheulana sok dipaké beberesih jeung wudu ku Syéh Maulana Akbar. Ti baheula ogé di éta balong téh geus loba lauk kancra. Syéh Maulana Akbar amanat ka sakumna masarakat, lauk di éta balong teu meunang diganggu. Lain ngan lauk kancra wungkul nu teu meunang diganggu téh, tapi deuih tatangkalan anu aya di sabudeureun balong.

Tepi ka ayeuna amanat Syéh Maulana Akbar téh tetep dipageuhan. Ari anu miara éta balong reujeung alam di sabudeureunana dipingpin ku Abah Zén. Kalawan sabar Abah Zén nerangkeun ka sakur wisatawan kumaha pentingna miara lingkungan. Atuh wisatawan anu datang ka dinya ogé sok ngagugu kana papatah Abah Zén. Éta pangna lingkungan alam di Darmaloka téh tetep kapiara.



D. Ngalengkepan Kalimah

Sanggeus bieu hidep ngabandungan pedaran miara lingkungan, pék ayeuna lengkepan kalimah di handap. Carana mah hidep ngan kari milih jawaban anu geus disayagikeun dina kolom katuhu.

1. Alam damelan Alloh téh disadiakeun pikeun sakabéh _____.
2. Manusa boga kawajiban miara _____ sabab minangka mahluk pangmulyana.
3. Lamun urang ngaruksak _____ éta téh pagawéan anu salah kacida.
4. Leuweung Sancang téh ayana di _____ Kabupatén Garut.
5. Di dinya aya tangkal anu geus kaasup

- a. alam
- b. kaboa
- c. manusa
- d. mahluk



- langka, di antarana _____.
6. Leuweung anu geus jadi _____
teu meunang diganggu.
 7. Ruksakna Leuweung Sancang téh
ku sabab kalakuan _____.
 8. Sajaba ti tatangkalan dituaran,
_____ di éta leuweung béak diala.
 9. Leuweung méré mangpaat keur sakumna
pangeusi ieu _____.
 10. Ku ayana _____, hawa kotor dirobah
jadi hawa beresih.
 11. Anu nyababkeun cai walungan kotor téh
sabab ayana _____.
 12. Miceun _____ sangeunahna kaasup
pagawéan ngaruksak alam.
 13. Runtah anu paling ngaruksak alam
nyaéta runtah _____.
 14. Abah Zén boga sesebutan
pahlawan _____ sabab gedé jasana.
 15. Sapopoéna Abah Zén téh jadi _____
di tempat wisata Darmaloka.
 16. Anu teu meunang diganggu di balong
Darmaloka nyaéta lauk _____.
 17. Balong Darmaloka téh jadi _____ cai
pikeun masarakat sabudeurna.
 18. Ku ayana _____ Abah Zén, lingkungan
di Darmaloka jadi kapiara.
 19. Para _____ anu datang ka dinya
tara aya anu ngaganggu alam.
 20. Anu dilaksanakeun ku Abah Zén
kaasup gawé penting jeung _____.

- e. alam
- f. leuweung
- g. polusi
- h. pelastik
- i. pakidulan
- j. cagar alam
- k. lingkungan
- l. kuncén
- m. runtah
- n. kancra
- o. mulya
- p. wisatawan
- q. jasa
- r. sasatoan
- s. dunya
- t. sumber





Mahamkeun Sajak

Anu tadi ku hidep dibaca kalawan éndah téh disebutna sajak. Ditulisna ringkes, dina sajarahna téh ukur sababaraha kecap. Geura urang titénan deui.

*Kaéndahan pamandangan
walungan hérang ngagenyas
ayeuna kari kenangan
ukur nyésakeun kawaas*

Anu bieu dicutat téh disebutna sapada (dina basa Indonésia, pada teh sarua jeung bait). Dina ieu bagian téh dicaritakeun kaayaan alam anu tadina éndah, tapi ayeuna geus robah atawa ngan kari sésana. Lamun ditulisna lain dina wangun sajak mah jigana bakal kieu:

Pamandangan téh baheula mah mani éndah. Cai walungan hérang ngangenyas. Tapi ayeuna mah kaayanana geus teu kitu, sabab geus robah. Anu nyésa téh ngan kari kenangan kana éndahna alam. Puguh gé matak jadi waas mun inget ka dinya téh.

Tuh nya, mun ditulisna lain dina sajak mah, kalimahna téh jadi paranjang. Padahal ari maksudna mah sarua kénéh, nyaéta nyaritakeun kaayaan alam anu geus robah. Lamun dina sajak mah cukup ku sawelas kecap, tapi dina lain sajak mah aya 39 kecap.

Sajak mah ditulisna henteu terus sina ngaruntuy ka gigir tepi ka béak jajaran, tapi sok dipenggel-penggel. Kecap anu dipakéna ngahaja dipilih heula, ngarah kadéngéna genah. Sora dina tungtung jajaran sok sina sarua. Geura dina conto sajak bieu, pamandangan sorana sarua jeung kenangan, nyaéta dina sora an. Kitu deui ngagenyas sorana sarua jeung kawaas, nyaéta dina sora as.



Dina sapada, kudu sabaraha jajar mun urang rék nulis sajak? Meureun di antara hidep aya anu nanya kitu. Ngeunaan jumlah jajaran mah bébas. Tapi ayeuna mah urang diajar ngeunaan sajak anu opat jajar waé, ngarah babari.



Nulis Sajak

Yu urang nulis sajak!

Ari nulis sajak babari? Jih, nya babari atuh. Naon bédana jeung hidep nulis kalimah, apan teu hésé. Sarat dina nulis sajak téh anu pangheulana urang kudu nangtukeun, rék nuliskeun ngeunaan naon. Upamana naha urang rék nyaritakeun kaéndahan alam, kaayaan di sakola, rasa nyaah ka lemah cai, pangalaman anu pikabungaheun, atawa anu pikasediheun. Tah dina nuliskeun kéandahan alam ogé bisa rupa-rupa, naha di pagunungan, di sisi laut, atawa di tempat wisata séjénna. Sarat anu kadua urang kudu bisa milihan kecapna, terus éta kecap téh disusun tepi ka boga harti.

Misalna urang rék nulis sajak ngeunaan kéndahan di sisi laut. Anu aya dina pikiran urang téh apan kumaha ari laut, di dinya téh aya naon waé, kumaha perasaan urang waktu keur aya di dinya, jeung sajabana. Éta sajak ngeunaan laut téh bisa ditulis kieu:

*Mapay sapanjang basisir
mangsa angin ngahiliwir
duh éndahna pamandangan
alam damelan Pangéran*

*Tungtung laut di jauhna
témbong jeung langit patepung
diri sadar ka Yang Agung
nu nyiptakeun alam dunya*



Ayeuna urang rék nyaritakeun kaayaan di suku gunung.
Urang bisa nulis sajak kawas kieu:

*jalan nanjak suku gunung
hégar nyieuhkeun kabingung
kebon entéh ngampar lega
di langit ngajumpluk méga
héjo pucuk tatangkalan
jadi ciri subur lahan
kadé tong poho miara
tong diruksak sangeunahna*

Nya, babari nulis sajak téh. Yakin hidep bakal bisa, asal sing mindeng latihan, jeung ulah bosenan.

Ayeuna pék ku hidep anggeuskeun sajak di handap, sing tepi ka kaharti eusina, jeung genah dibacana. Sajak anu judulna “Di Sakola”, ku hidep lengkepan ku kecap anu geus disadiakeun. Pék pilih kecap anu merenah. Ari dina sajak anu judulna “Di Kebon Binatang” mah, hidep kudu néangan kecap sorangan keur ngalengkepan jajaranana. Keun waé sora dina tungtung jajaranana teu sarua gé.

Geura urang mimitian.

Sajak 1

Di Sakola

*Di sakola nyiar _____
diaping ku para _____
élmu anu _____
keur bekel dunya _____*



Masing getol kudu _____
kadé kaliwat _____
saban poé pék _____
naséhat guru _____

(kecap anu kudu dipilih: mangpaat, rajin, élmu, regepkeun, disiplin, ngapalkeun, guru, ahérat)

Sajak 2

Ulin ka kebon _____
haté téh ngarasa _____
loba sasatoan _____
dina kandang teu _____

Sato kabeukina _____
maung nu kitu _____
ari nu bogaeun _____
apan gajah _____

nempo manuk _____
dina dahan _____
disarada suka _____
alam asa tambah _____

Lamun geus réngsé, pék ku hidep baca di hareupeun babaturan. Bagilir waé saurang-saurang. Anu séjén kudu ngabandungan.





Ngapalkeun Harti Kecap

Yu urang ngapalkeun!

Pék ku hidep apalkeun harti kecap anu aya di handap.

1. gemah ripah = subur ma'mur
2. boa = mungkin
3. bulistir = gunung anu geus gundul, sabab taya tatangkalan
4. ngamumulé = ngurus enya-nya
5. talobéh = gagabah
6. pikadeudeuh = pikanyaah
7. cunduk = datang
8. kaduhung = hanjakal
9. ruksak parna = ruksak pisan
10. portas = ngaran racun anu lamun kadahar matak maot
11. bidamit = basa Indonésiana dinamit
12. kuncén = jalma nu tugasna miara hiji tempat anu dianggap ngandung sajarah
13. sakumna = sakabéh
14. ngagugu = nurut
15. hégar = tempat nu matak betah
16. genah = ngeunaheun



Daptar Pustaka

- Danabrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.
- Hadi, Ahmad, Spk. 2011. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.
- LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Supriatna, Nana. tt. *Lagu Wajib Nasional & Lagu Sunda Perjuangan Cinta Tanah Air*. Cianjur: Seksi Kebudayaan Kandeptdiknas Kabupaten Cianjur.
- Tim Panyusun. 1983. *Kawih Sunda untuk Sekolah Lanjutan*. Bandung: Pusataka Dasentra.
- Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: GegerSunten.

